WAWACAN PERBU KEAN SANTANG

DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN

Milik Depdikbud
Tidak diperdagangkan

WAWACAN PERBU KEAN SANTANG

Oleh:
Surlina Marzuki
H.R. Suryana
Siti Maria

Editor:
Rosyadi

DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
DIREKTORAT JENDERAL KEBUDAYAAN
DIREKTORAT SEJARAH DAN NILAI TRADISIONAL
BAGIAN PROYEK PENELITIAN DAN PENGKAJIAN
KEBUDAYAAN NUSANTARA
TAHUN 1992 / 1993

KATA PENGANTAR

Bagian Proyek Penelitian dan Pengkajian Kebudayaan Nusantara Direktorat Sejarah dan Nilai Tradisional, Direktorat Jenderal Kebudayaan telah mengkaji dan menganalisis naskah-naskah lama di antaranya naskah kuno Sunda (Jawa Barat) yang berjudul Wawacan Perbu Kean Santang, isinya tentang penyebaran Agama Islam di Pulau Jawa, khususnya di Jawa Barat.


Nilai-nilai yang terkandung di dalam naskah ini adalah nilai keagamaan, nilai pendidikan dan kepemimpinan yang dapat menunjang pembangunan, baik fisik maupun spirituil.

Kami menyadari bahwa buku ini masih mempunyai kelemahan-kelemahan dan kekurangan-kekurangan. Oleh karena itu, semua saran untuk perbaikan yang disampaikan akan kami terima dengan senang hati.

Harapan kami, semoga buku ini dapat merupakan sumbangan yang berarti dan bermanfaat serta dapat menambah wawasan budaya bagi para pembaca.

Kami mengucapkan terima kasih yang sebesar-besarnya kepada para peneliti dan semua pihak atas jerih payah mereka yang telah membantu terwujudnya buku ini.

Jakarta, November 1992
Pemimpin Bagian Proyek Penelitian dan
Pengkajian Kebudayaan Nusantara



Sri Mintosih, BA.
NIP. 130 358 048

SAMBUTAN DIREKTUR JENDERAL KEBUDAYAAN DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN

Usaha untuk mengetahui dan memahami kebudayaan daerah lain selain kebudayaan daerahnya sendiri lewat karya-karya sastra lama (naskah kuno) merupakan sikap yang terpuji dalam rangka pengembangan kebudayaan bangsa. Keterbukaan sedemikian itu akan membantu anggota masyarakat untuk memperluas cakrawala budaya dan menghilangkan sikap etnosentris yang dilandasi oleh pandangan stereotip. Dengan mengetahui dan memahami kebudayaan-kebudayaan yang ada dan berkembang di daerah-daerah di seluruh Indonesia secara benar, maka akan sangat besar sumbangannya dalam pembinaan persatuan dan kesatuan bangsa.

Untuk membantu mempermudah pembinaan saling pengertian dan memperluas cakrawala budaya dalam masyarakat majemuk itulah pemerintah telah melaksanakan berbagai program, antara lain dengan menerbitkan buku-buku yang bersumber dari naskah-naskah lama seperti apa yang diusahakan oleh Bagian Proyek Penelitian dan Pengkajian Kebudayaan Nusantara. Mengingat arti pentingnya usaha tersebut, saya dengan senang hati menyambut terbitnya buku yang berjudul Wawacan Perbu Kean Santang.


Saya mengharapkan dengan terbitnya buku ini, maka penggalian nilai budaya yang terkandung dalam naskah lama yang ada di daerah-daerah di seluruh Indonesia dapat lebih ditingkatkan sehingga tujuan pembinaan dan pengembangan kebudayaan nasional yang sedang kita laksanakan dapat segera tercapai.

Namun demikian perlu disadari bahwa buku-buku hasil penerbitan Bagian Proyek Penelitian dan Pengkajian Kebudayaan Nusantara ini baru merupakan langkah awal, dan ada kemungkinan masih terdapat kelemahan dan kekurangan. Diharapkan hal ini dapat disempurnakan di masa yang akan datang terutama yang berkaitan dengan teknik pengkajian dan pengungkapannya.

Akhirnya saya mengucapkan terimakasih kepada semua pihak yang telah membantu penerbitan buku ini.

Jakarta, Nopember 1992

Direktur Jenderal Kebudayaan



Drs. GBPH. Poeger

NIP. 130 204 562

DAFTAR ISI

Halaman

Kata Pengantar iii
Sambutan Direktur Jenderal Kebudayaan v
Daftar Isi vii

Bab 1 Pendahuluan 1
1.1 Latar Belakang Masalah 1
1.2 Masalah 2
1.3 Tujuan 2
1.4 Ruang Lingkup 3
1.5 Metode Penelitian 3

Bab 2 Allah Aksara dan Alih Bahasa 5
2.1 Alih Aksara 5
2.2 Alih Bahasa 96

Bab 3 Tinjauan Umum 190
3.1 Deskripsi Naskah 190
3.2 Ringkasan Cerita 191

Bab 4 Analisis 199
4.1 Analisis Struktur 199

4.1.1 Judul 199
4.1.2 Tema 200
4.1.3 Penokohan dan Perwatakan 202
4.1.4 Plot atau Alur 205

4.2 Analisis Isi 207
4.2.1 Nilai Keagamaan 208
4.2.2 Nilai Pendidikan 209
4.2.3 Nilai Kepemimpinan 211

Bab 5 Relevansi dan Peranan Naskah dalam Pembinaan dan Pengembangan Kebudayaan Nasional 213

Bab 6 Kesimpulan 216

Daftar Pustaka 217

BAB I
PENDAHULUAN

1.1 *Latar Belakang Masalah*

Kebudayaan daerah merupakan sumber potensial bagi terwujudnya kebudayaan nasional yang memberikan corak dan karakteristik kepribadian bangsa, karena unsur-unsur budaya daerah memberikan corak monopluralistik budaya Indonesia. Oleh karena itu, dalam upaya menggali kebudayaan daerah diperlukan data dan informasi yang lengkap sehingga keanekaragaman kebudayaan daerah dapat mewujudkan satu kesatuan budaya nasional. Salah satu sumber informasi kebudayaan daerah yang sangat penting artinya adalah naskah-naskah lama. Naskah-naskah lama ini merupakan arsip kebudayaan yang merekam berbagai data dan informasi kebudayaan daerah yang bersangkutan, karena di dalamnya mengandung nilai dan pengetahuan budaya yang luhur, seperti berbagai gagasan, ilmu pengetahuan, ajaran-ajaran, adat istiadat maupun sejarah lokal masyarakat yang bersangkutan.

Sehubungan dengan hal itu, ada kecenderungan tersisihnya naskah-naskah lama sejalan dengan giatnya usaha transformasi teknologi dan ilmu pengetahuan yang merujuk pada budaya asing yang memang diperlukan untuk mempercepat proses pembangunan. Akan tetapi, proses itu akhirnya menuntut penye-

suaian sosial budaya dalam proses penyerapannya, sehingga menghindari timbulnya kesenjangan budaya (cultural lag).

Dalam hal ini, naskah-naskah lama selain menyediakan data-data informasi tentang kondisi sosial budaya masyarakat, juga memiliki kekayaan rohani yang dapat menjadi penangkal terhadap ekses-ekses yang ditimbulkan oleh teknologi dan ilmu pengetahuan modern. Oleh karena itulah, naskah-naskah lama sangat penting artinya sebagai sumber potensial yang dapat dijadikan sebagai kerangka acuan (term of reference) bagi suatu pengambil keputusan, di samping naskah lama itu sendiri merupakan obyek pembangunan, dalam arti sasaran yang harus dikaji dan dilestarikan keberadaannya.

Salah satu naskah lama yang berasal dari daerah Jawa Barat yaitu Wawacan Perbu Kean Santang yang merupakan sebuah karya sastra lama dan banyak memuat nilai-nilai luhur berupa petunjuk-petunjuk dan ajaran-ajaran agama Islam.

1.2 *Masalah*

Dalam membahas naskah Wawacan Perbu Kean Santang permasalahannya adalah nilai-nilai apa yang terkandung di dalam naskah tersebut dan sejauh mana relevansi nilai-nilai yang terkandung di dalam naskah Wawacan Perbu Kean Santang dalam pembangunan, khususnya dalam keagamaan.

1.3 *Tujuan*

Tujuan Pengkajian dan Penganalisisan naskah Wawacan Perbu Kean Santang ini, yakni :

1) menggali nilai lama dan asli yang terkandung dalam naskah Wawacan Perbu Kean Santang sebagai dasar yang dapat memberi masukan dalam usaha pembinaan dan pengembangan kebudayaan daerah,

2) untuk mengungkapkan dan mendeskripsikan nilai-nilai yang terdapat di dalam naskah Wawacan Perbu Kean Santang karena dengan terungkapnya nilai-nilai luhur ini diharapkan dapat memperluas cakrawala berpikir masyarakat

dalam menghadapi transformasi budaya yang tengah berlangsung,

3) hasil kajian dan analisis naskah Wawacan Perbu Kean Santang ini untuk memberikan informasi tentang kebudayaan daerah Sunda dan dapat melengkapi khasanah kepustakaan sastra, khususnya sastra Sunda dalam rangka pembinaan, pengembangan dan pelestarian sastra itu sendiri.

1.4 *Ruang Lingkup*

Pada dasarnya naskah Wawacan Perbu Kean Santang terdiri atas dua aspek yakni aspek bentuk dan isi. Adapun aspek bentuk adalah cara pengarang dalam menyampaikan ide-ide atau gagasannya. Sedangkan yang dimaksud dengan aspek isi adalah ide-ide atau gagasan yang ingin disampaikan.

Ruang lingkup penulisan ini dibatasi pembahasannya pada analisis isi, yaitu menitikberatkan pada pengungkapan ide-ide atau gagasan.

1.5 *Metode Penelitian*

Dalam mengkaji Wawacan Perbu Kean Santang ini dipergunakan metode content-analysis yakni suatu pendekatan untuk mengungkapkan nilai-nilai dalam suatu karya sastra yang berfokus pada pemahaman isi pesan atau gagasan pengarang. Adapun langkah pertama yang dilakukan adalah penelitian kepustakaan dengan mempelajari berbagai literatur yang dijadikan penunjang untuk memperkuat landasan teoritis setiap pernyataan dalam menganalisis naskah tersebut. Seperti yang dikatakan Gorys Keraf (1980:166) bahwa dengan penelitian kepustakaan dapat melatih lebih peka serta kritis dalam memilih, menimbang, menentukan serta menyusunnya, sehingga dapat dimengerti dan diterima oleh pembaca.

Dalam penulisan dibedakan antara kajian dengan analisis. Pengkajian ditujukan pada pemahaman ke dalam ide atau gagasan pengarang yang dituangkan dalam karyanya. Sedangkan dalam analisis pemahaman isi gagasan dihubungkan dengan realitas

sosial budaya yang melingkungi pengarang yakni masyarakat Sunda.

Dalam kajian Wawacan Perbu Kean Santang ini, yang menjadi perhatian adalah nilai yang terkandung di dalam cerita ini atau nilai yang disuratkan dan disiratkan oleh pengarang yang mempunyai ide atas dasar pengetahuan yang dimilikinya. Wawacan Perbu Kean Santang merupakan korespondensi di mana beberapa unsur mewujudkan bangun sebuah cerita sehingga menjadi puisi itu puisi bercerita atau puisi naratif. Puisi yang demikian itu seakan serupa dengan bentuk cerita, prosa, karena itu dalam hal mengkaji nilai-nilai yang terkandung di dalamnya diperlukan bantuan kajian struktur prosa. Mengenai unsur-unsur aspek struktur prosa yang diperlukan yaitu unsur latar penokohan, perkembangan agama Islam. Dari kajian unsur-unsur itu akan lebih jelaslah bagaimana perkembangan agama Islam di Jawa Barat. Dalam kaitan kajian ini akan diketahui nilai-nilai, dan dalam mengkaji struktur cerita Wawacan Perbu Kean Santang terlebih dahulu akan dibuat ringkasan cerita untuk mempermudah menganalisis.

BAB II
ALIH AKSARA DAN ALIH BAHASA

2.1 *Alih Aksara*

WAWACAN PERBU KEAN SANTANG

I. Pupuh Asmarandana

1. Bimillahirrahmannirrahim
anu maca ieu babad
ēnya eta babad Gadog
kēdah anu gaduh abdas
anu sepuh nu nonoman
atawa anu geus sēpuh
eta kudu gaduh abdas

2. Bakuna mah kudu tartib
ulah pake lalawora
masing, estu dina hate
wantuning Susunan Rahmat
wakil jēng Nabi Muhammad
eta utusan yang agung
nu kagungan bumi alam

3. Maca taud nu mimiti
terus jeung maca bismillah
jeung pasihan deui ongkoh
kulhu eujeung palak bintas
geus pupuh maca salawat
tuluyna humulunupliluun
maca istigpor sing lobe

II. Pupuh Dangdanggula

4. Dangdanggula anu manis budi
pamedirah wong samadi
tegesna yen samadi teh
awit dencangna karuhun
karuhun anu berbudi
katampa ku ki bujangga
ki buangga luhung
ari tegesna bujangga
anu sidik wewengkon karuhun surti
kaki hatera ulama

5. Anu matak aya kaul deui
ti nampolu buangga pertanda
saeng kanteu sapagodos
sabab anu matak kitu
saupama ki maranggi
pada bogo ukuran
euweuh nu leuleus
pinter teh rajin ngaraosa
pereeka na hasil mah sad liwat sakieng
tara huwanat jeung kiwan

6. Saenyana anya anaheun
lan tanyang ngamulangkeun sahidi,
hukumna nu beuner kabeh,
ari anu geus tangtu
beuner tina loba kawi

da ari kebatna mah
eta keneh malum
saperti mungguhing gajah
sipat sato aya hulu buntut deui
amung ngaranna mah gajah

7. Hulu buntut sareng suku deui
kabeh eta saperti bujangga
pertanda lobaning kaul
sumangga manah nu estu
nya bujangga nya musinap
antukna mah nya satunggal
anu matak kitu
reyaning kaul bujangga
pertandana elmuning Pangeran sugih
euweuh eukeur ngaumpama

8. Raos gelap anu jadi manis
dongeng pikeun purwaning carita
wiwitan nu dicarios
namung ampun nya paralun
sarehing ieu sim kuring
da lain maksa ku bisa
weruh tampa guru
atawa nyanyahowanan
tobat pisan manawi sulaya kaur
mugi agung dihampura

9. Tina yaktos kaleresan surti
hanteu salah ieu teh sajarah
mugi diuwuhan bae
mujijat kangjeng luluhur
dipadangkeun nya birahi
ti nu enggeus kenging rahmat
agungnya panuhun
ditarima kumaula
mugi-mugi dijauhkeun nya balahi
parek rizki lawan rahmat.

10. Mugi asih sanak kulawargi
kitu deui mugi katetepan
tekad anu leuwih saleh
ka sakabeh dulur-dulur
hamo pegat pancakaki
ka dulur sakabehna
teu pisah karuhun
mana kuring nurut hibar
ka sadaya kulawarga nu utami
miwah ka para juragan

11. Lahiriyah kaulaning gusti
abdi seja nyalindungkeun awak,
saking ku rumaos bodo,
dunungan kuring nu agung,
hirup katungkul ku pati,
batin kaulaning Allah,
kitu deui nuhun
ka gusti nu sipat rahman,
atawana ka gusti nu sipat rahim,
mugi Allah ngahampura.

12. Kakajengna ieu nu digurit,
nyarioskeun eta nu baheula,
aya sahiji karaton,
ngabawah ka pararatu,
nama Perbu Siliwangi,
di Pakuan nu kadua,
Pada jeneng ratu,
karaton nu kahijina
Pajajaran Sewu teya nu ka warti
kitu ungeling carita

13. Nu katilu nagri Majapahit
nu ngaranna Perbu Hariyangbanga
Pajajaran wetan karaton
damelna waktu perang pupuh

sami merbu raka jeung rayi
Hiji mangsa di Pakuan
gaduh putra pamuk
pangeran Gagaklumajang
kagagahannana geus taya nu nanding
lir pendak taji malela

14. Enggeus mashur yen sapulo Jawi
samalahna Pajajaran wetan
Majapait enggeus kawon
sanggeus jumēnēng pamuk
sakabeh taluk ajurit
taya nu mangga puliya
ka Gagaklumayung
malah enggeus kenging nama
wakil rama sanggeus jadi senopati
nama Perbu Kean Santang

15. Saumurna jadi Senapati
hēnteu terang ti getih sorangan
jēg kumaha rupina teh
pēsēna kaliwat langkung
anu jadi kapigalih
siang wengi manahna
sakitu nya maksud
hayang tērang gētih sorangan
kitu manah nu antek kaliwat saking
teu acan seubeuh ngalaga

16. Lian tinya kapigalih deui,
umur ngora hanteu gaduh garwa.
taya kapetolan kabeh,
tedakna agama Hindu,
mangsa harita di Jawi
teu aya agama Islam
nalangmang mulung mung
pangeran Gagaklumajang
kalangkung manahna takabur ati
pesen getih sorangan.

17. Saumurna teu terang di getih,
enya-eta getih salirana
nu matak teu uninga teh,
saking ku tina pamuk,
teu teurak ku pedang keris,
enggalna Gagaklumajang,
harita keur ngangluh,
payuneun perbu Pakuan
Siliwangi mariksa alon jeung manis,
"eh Raden Gagaklumajang"

18. "Pun mama teh rek nanya nu yakin
pasemonan Raden kawas susah
coba ama geura walon
naon nu dianggo ngangluh
bilih palay putri geulis
da moal datang ka susah
da Raden nu gaduh
sumawon palay ngaraja
apan eta ku ama dianggo wakil
sanajan kabeh raraja

19. "Beunang Raden nu nalukeun ajurit
anu matak Raden meunang nama
Perbu Kean Santang kahot
pangeran Gagaklumayung
ngauban sapulo Jawi
saking ku ama teh nyaah
eta Raden kitu"
tinya, Raden cedak nyembah
bari mando Gagaklumayung ka gusti
Kinanti unjukan terang

III. Pupuh Kinanti

20. Piunjuk Gagaklumayung
"kaulanun rama gusti
kang putra sanes ti eta
lain hayang gaduh rabi
lain hayang jadi raja
dalalahna milik abdi"

21. "Jadi senapati pamuk
ayeuna eureun ngajurit
jadi alang kumapalang
tacan seubeuh maju jurit
susah henteu mendak lawan
inarengan jisim abdi.

22. Saumur gumelar hirup
pēsēn ku getih nya diri
can terang getih sorangan
cindēkna piunjuk abdi
ayeuna nēda mupakat
pikeun pimusuhan abdi.

23. Perbu Siliwangi nyaur
ka Raden Arga papatih:
eh ayeuna patih Arga
kumpulkeun pernujum sidik
atawana pararaja
pikeun neguh pērējurit

24. Ayeuna euweuh nu pamuk
matur mangga Raden Patih
geus putus timbalan angkat
enggalna lampah Den patih
sakabeh nujum geus dongkap
sakur nu aya di nagri

25. Geus marēk kabeh parnujum
enggal Perbu Siliwangi
lajeng mariksa harita
ka sakabeh nujum sidik
"iyeu kabeh para raja
sakur para nujum sidik

26. Ayeuna kudu piunjuk
iyeu diwēwēngkon Jawi
dikira saha jalmana
nu ngelehkeun balad aing".
Sadaya taya nu jawab
pada repeh bae sami

27. Ka Raden Gagaklumayung
geura unjukeun kakasih
pernujum tungkul sadaya
kabeh sami pada mikir
sarusah arek unjukan
ku sabab tacan kaëling.

28. Kocap aya hiji nujum
milu campur nyiliwuri
hanteu wawuh jeung nu rea
tēgēsna malak Jibrail
baris nanggalkeun lantaran
seug unjukan aki-aki

29. "Sumuhun dawuhan ratu
ari emutan sim abdi
ngorehan di pulo Jawa
tangtu moal aya tanding
nu unggul cumah ngan putra
Perbu Kean Santang aji

30. Ngan aya oge geus tangtu
pilawaneun putra Gusti
sanes jero pulo Jawa

ayana di Mekah nagri
ngaranna Alimurtada
Baginda Ali bin Tolib

31. "Amung tebih liwat langkung
ayana di puser bumi
pulo Mekah nagri Arab
malah ceuk sakaol deui
geus kasebut masa Allah
amung sareng putra gusti

32. Itu ieu tacan puguh
nu unggul ngalingga jurit
duka mana anu kalah
ngan geus tangtu mendak tanding
sakitu abdi unjukan
ka gusti di Siliwangi

33. Ngadawuh deui ka nujum
"terangkeun bae sakali
tiap maneh bisa norah
pilawaneun kitu deui
tangtu kapanggih ayeuna
coba pek sebutkeun deui

34. "Baris lawan anu unggul
mana anu baris tanding"
Ki nujum barang dipaksa
teu kungsi unjukan deui
ilang leungit tanpa musna
ti payuneung Siliwangi

35. Pernujum pada piunjuk
duka teuing teu tingali
malah hanteu wawuh pisan
eujeung eta aki-aki
malah waktu cacampuran
jol sorangan nyiliwuri

36. Hanteu wawuh jeung nu kumpul
nu aya payuneun gusti
ari abdi kabeh rempag
sareng batur-batur abdi
nyanggakeun dikabodoan
geus teu bisa norah deui

37. Hookeun Gagaklumayung
geus hanteu ngisukeun deui
unjukeun bae harita
"jisim abdi neda idin
dek miyos ka nagri Mekah
mendakan Bagenda-ali

38. "Ayeuna baris dijugjug
panorah aki nu leungit
Hyang terang nya hanteuna
ngayonan Bagenda-ali"
Perbu Siliwangi jawab
"eta kuma karep pikir

39. "Ngan sambung salamet maksud"
Enggaling nu mangun gurit
sang Perebu Kean Santang
teu wantun ngisukeun deui
enggal bae dangdan-dangdan
sanggeus dangdan lajeung indit

40. Amung Siliwangi Perbu
siang wengi pasang kuping
kocapkeun Gagaklumajang
kebat lampahna nu gasik
ngaler ngulon lalampahna
nyorang hiji tempat resik

41. Pantes dianggo mēnēkung
liren dina tempat buni
nya-eta di Hujung-kulon

lajeng heula muja calik
tidinya muja ka dewa
paneda na muja sari

42. Ka dewa nu maha weruh
ka jiwa sasanga deui
"jisim kuring neda terang
mun yaktos di puseur bumi
aya pikeun tanding lawan
nu ngaran Bagenda-ali"

43. "Mugi diparinan tuduh
Teu lami waktuna deui
sowara hanteu katingal:
"he Gagak Lumayung jurit
atawa Garantang Setra
ayeuna panglandih kami"

44. Lain dewa Marawelu
ieu kami nu ngalandi
sora hanteu katingalan
perkara maneh rek ngusir
nya-eta ka tanah Mekah
ngabujeng Bagenda Ali

45. "Ayeuna aya diditu
maneh geus tinangtos panggih
sareng ngaran maneh pisan
ku kami mana dilandi
nya-eta Garantangsetra
tegesna Setra beresih"

46. "Tegesna Garantang maksud
tangtu papanggih jeung suci
helas maneh geura iyang
kebatkeun saniat tadi".
Korejat Gagaklumajang
ti Hujungkulon geus indit

47. Geus sumping ka sisi laut
teu kaduga ningal cai
tuluy bae tapak kancang
najan ngapung nerus bumi
jadi geus taya halangan
istijabna kang dumadi.

48. Sigeugkeun Gagaklumayung
eukeur ngambah di jaladri
katunda lampah di jalan
gentos anu kocap deui
kangjeng gusti Rasullullah
nalika di Mekah linggih

IV. Pupuh Sinom

49. Kangjeng gusti Rasullullah,
dideuheusan para mumin
sarawuh para sahabat
Abubakar, Umar, Ali
Usman sarawuh ratu jin
para mumin pada kumpul,
anu eukeur berhimpunan,
kersana teh kangjeng Gusti
dek ngadamel tambah tihang Masjidilharam.

50. Tujuh tihang nu ditambah,
harita ngan kurang hiji
tatapi gusti geus mendak
tihang kuning ti ratu jin
pangaosna tacan jadi
kamanahna mah geus puguh
diparios pangaosna
nya-eta ku kangjeng Nabi
ratu jin teh teu acan wantun unjukan.

51. Kangjēng gusti seug mariksa
ka para sahabat mumin
unjukna para sahabat
ngiring galih kangjeng gusti
kangjeng Nabi seug ngalahir
gentrana manis jeung arum
nya eta Nabi ratuna
kersana teh Kangjeng Nabi
dek maparin uwang emas harga tihang

52. Tapi eta tihang tea
hargana teh tacan sidik
ceuk sakaol saratus dinar
sarebu rupia leuwih
jadi opat rebu leuwih
opat rebu lima ratus
ratu jin seug unjukan
ari piunjuk ratu jin
najan gusti maparin uwangna salksa

53. Moal kasanggakeun pisan
amung paneja sim abdi
"lamun saabatna tihang
seja ngiring jisim abdi
sareng teu tangtu ku duit
sarupa naon bae nun
supaya kabobot tihang
kadangu ku kangjeng Nabi
enggal nyandak kertas sinareng mangsina

54. Kangjēng Nabi enggal nyerat
ungel lapad bismilahi
nya eta buat nimbangan
eta tihang ti ratu jin
ku kersana kangjeng Nabi
gerat tihangna di unggul
nimbang ku lapad bismillah
hampang tihang batan tulis
tihang ti jin hantu kuwat ka mu'jijat

55. Ratu jin sujud unjukan
"seja nyanggakeun sim abdi
eta teh perkawis tihang
jisim abdi seja bakti"
Geus narima kangjeng Nabi
ka sahabatna ngadawuh
"isukan kabeh sahabat
Abukabar, Umar, Ali
reujeung Usman isukan kudu kumpulan"

56. Urang terus ngadegkeun tea
sarengna deui ka Ali
isuk kudu nyandak tungkat
teteken ulah dek lali"
Persahabat unjuk ta'dim
sumangga dawuhan Rasul"
Parantos kenging dawuhan
bubar marulih pramumin
kitu deui persahabat wangsul heula

57. Enggaling iyeu carita
reup peuting geus isuk deui
Kocapkeun Gusti Baginda
tabuh lima geus sayagi
seug nyandak tētēkēn Nabi
barangna eta dek langsur
jol sumping sahiji malak
malaikat Jabarail
seug megatan Baginda ke heulaan

58. Ulah waka kenceng mangkat
bener jangji kangjeng Nabi
jam tujuh kudu geus aya
kudu sadia di masjid
kaula nanggel ka Ali
bilih kabendon ku rasul
kudu geus tabuh dalapan
waktu tidieu nya indit
anu matak antara tabuh dalapan"

59. Sabab bakal aya semah
tatamu ngajugjug Ali
tatamu ti Pulo Jawa
geus kudu bae dianti
wayahna antos ku Ali
ngan upama enggeus tepung
sakalian kudu candak
ngadeuheus ka kanjeng Nabi
saupama teu dongkap tabuh dalapan"

60. "Eta tamu hanteu dongkap
Ali hade bae indit
kencengkeun ngadegkeun tea"
Sanggeus wuwuruk Jabarail
musna harita teh leungit
ku gusti Ali diturut
ngantosan tamu nu dongkap
jeung manah Bagenda Ali
aya manah kaduhung teu neros heula

61. Pikarepeun tamu tea
Jabarail kaburu mulih
parandene teu kumaha
manahna Bagenda Ali
beunang ku engke deui
ditaros maksud tatamu
tatamu sumping harita
waktuna eta geus sumping
enggeus manjing waktuna tabuh dalapan.

62. Harita tatamu dongkap
lieuk deui lieuk deui
nyeri beuheung sosonggetan
manahna teh Gusti Ali
gaduh timuru saeutik
kanu maparin pituduh
palangsiang rancana
setan ngagoda ka aing
Gusti Ali bari jengkar ti bumina.

63. Barang geus sumping ka jalan
di jalan perok bae panggih
jeung Parebu Kean Santang
ningali ka Baginda Ali
tapi teu acan tingali
disipatna tacan weruh
celuk Perbu Kean Santang
ka eta Bagenda Ali
"huh ! kaula dagoan heula ku bapa"

64. Reg Gusti Ali ngantosan
bari nyandak teken kai
ditancebkeun kana limah
Perbu Kean Santang sumping
caket jeung Bagenda Ali
Pangeran Gagak Lumayung
tumaros kieu saurna:
"maap bae bapa kuring
bade aya anu ditaros ka bapa"

65. Mugi bapa tuduh jalan
pakuwon Bagenda Ali
eta di mana tempatna
mugi tuduhkeun sim kuring
kakuping ku Baginda Ali
kaget manahna kalangkung:
"engke agus heulaanan
pun bapa teh tampasari
rangah reungeuh ditaros kitu ku ujang

66. "Karana ieu di Mekah
sakabeh pada ningali
pakuwon Alimurtada
ngan ujang anyar pinanggih
jeung bapa nembe ningali
na timana ari agus
banjar karang panglayungan
nya bali geusan ngajadi"
Pek Perbu Kean Santang ngawalonan

V. Pupuh Pangkur

67. Pangeran Gagak Lumajang
sakalangkung gonjlengna kaliwat saking
"he bapa lamun teu weruh
kaula teh urang Jawa
ngaran kaula ieu teh Gagak Lumayung
nya eta Gagak Lumajang
Perbu Kean Santang aji

68. Nu gagah di Pulo Jawa
Garantang Setra enya keneh ngaran kuring
nu mawi jauh dijugjug
anggang-anggang diteang
anu ngaran Baginda Ali siga pamuk
kaula hayang ngayonan
kadigjayan Bagenda Ali"

69. "Sabab kaula di Jawa
enggeus garung eweuh pilawaneun jurit
kitu margina dijugjug
tah kitu bapa nya maksud
niat kula "Baginda Ali ngarungu
seug maca alhamdulillah
lajeung hirabila lamin

70. Sujud sukur ka yang sukma
amung tekad Bagenda Ali nu lantip
hanteu pisan-pisan kitu,
ngagungkeun yen kagagahan
teu rumaos nu gagah amung yang agung
raga nyawa gagaduhan
titipan nu murba diri

71. Bagenda Ali ngandika
"atuh agus mangga pun bapa teh ngiring
sumangga aya pituduh
geus tinangtos agus tepang

tatapina engke dipayuneun rasul
sareng Bagenda Ali tea
keur ngadegkeun ontob masjid

72. Jung angkat Gagak Lumajang
ingkeun bapa engke anu tuduh margi
Gagak Lumajang ti pungkur
antara geus sapapatah
tebihna teh emut kana tungkat kantun
Bagenda Ali ret katukang
barina lajeng ngalahir

73. "Masaallah agus hilap
pun bapa teh tinggaleun tongkat pandeuri
abong-abong enggeus pikun
Raden pangnyandakeun heula
krana Allah"
Enggalna Gagak Lumayung
wangsul deui nyandak tungkat
geus sumping ka urut tadi

74. Tungkat keur nanceb di tanah
seug dicandak di jurang ku tengan kari
barang jung eta dicabut
tungkat pageuh hanteu beunang
dodogeran pangeran Gagak Lumayung
tapi weleh hanteu beunang
Perbu Kean Santang pusing

75. Jeung maca Astagaillah
kurang ajar tukem ngawawanen teuing
moal sabaraha teguh
Raden nyingkilkeun raksukan
duwanana rap tangan kenca katuhu
dicabut pageuh teu beunang
bedasna nu nyabut tarik

76. Pageuhna tungkat ka lemah
hanteu beunang kalah ambles eta sikil
sampean Gagak Lumayung
semet tuur duanana
ka jro taneuh seep tanagana lesu
geus seep kadigjayaan
lalesu nya tulang sendi

77. Karinget tina salira
metu darah ting peletik bijil getih
rumpuyuk Gagak Lumayung
saumur kakara ningal
metu darah lomokot sabulu-bulu
ngaraos apes istijrad
duh cilaka awak aing

78. Angen sasambat ka dewa
kitu pokna : "duh jiwa da sangamalih
lan malih dewa merwolu
hamba tulung kadigjayan
Keyan Santang beunang sasambat kitu
teunekan istijradna
lalesu nya tulang sendi

79. Kabujeng bae ku bapa
"masa allah naha mana lami teuing"
Ngajawab Gajah Lumayung:
"bapa kula hanteu kiat
nyabut ieu tungkat pageuh teu kacabut"
carek bapa: "na kumaha
kapan agus jalmi sakti

80. Kari-kari teu kajungkat
"maka kalah naha bapa heran teuing"
Pangeran Gagak Lumayung
sakalangkung tampa wirang
carek bapa: "cing ku bapa urang cabut"
Barina maca kalimah
kalawan salawat deui

81. "Allohumma salli ala
Muhamadi ala ali Muhamad deui,
laillaha – illellohu
waashadu ana Muhammad, rasullah",
Gusti Ali maca tutug
maca kalimah sahadat,
seug dicabut tungkat kenging.

82. Sareng Keyan Santang jagjag,
langkung bengong ngupingkeun kalimah kalih
Gagak Lumayung seug nyaur:
"palakiah naon bapa
anu bieu eta teh na matak nulung
tungkat beunang kula jagjag
Gusti Ali walon aris

83. "Bisi agus teu uninga
nu dibaca palakiah anu tadi
paranti ngapeskeun musuh"
cek Raden : "astagaillah
kutan kitu kabuktian bapa estu
engke kula arek nanya,
Pok deui ka Bagenda Ali

84. "Tapi eta palakiah,
aya deui karepna salian jurit
salian pangapes musuh
jeung ungel bapa kumaha
palakiah soteh basa kuring sebut
enggal bapa teh ngandika
cek bapa mah aya deui

85. Eta teh pikukuh selam
enya eta ngaranna kalimah kalih
ari papakem nu luhur
enya eta kitab kuran
saha-saha anu teu make eta tangtu
dihisab diarah mahsar
teu diaku umat Nabi

86. Aya didasar naraka
Raden Gagak Lumajang prihatin nguping
rumaos agama Hindu
enggalna ieu carita
saparantos Kean Santang naros kitu
kebat angkatna jeung bapa
ngadeuheus ka kangjeng Nabi

87. Sumping ka Masjidilharam
Kangjeng Nabi kasondong jeung para mu'min
miwah sahabat sarawuh
Abubakar, Umar, Usman
engeus pada nyandak tihang anu tujuh
ngan kantun sahiji tihang
sabab ngantos Baginda Ali

88. Kangjeng Nabi seug mariksa:
"naha Ali mana kalamian teuing
diantos ku batur-batur
na aya naon halangan ?"
Tungkul mando Bagenda Ali piunjuk
sumuhun dawuh pariksa
mendak halangan sim abdi"

89. Kabujeng tamu di Jawa
taya sanes anu dibujeng sim abdi
maksudna anu geus tangtu
tina geus garung di Jawa
taya dua nu gagah unggul ti batur
wasta Perbu Kean Santang
Pangeran Gagak Lumiring

90. "Atawa Gagak Lumayang
pangkadieu hayang ngayonan sim kuring
sareng agamana Hindu
Kean Santang kaget pisan
yen ngupingkeun Bagenda Ali miunjuk
noel barina ngandika:
"kutan bapa Bagenda Ali"

91. Lamun tadi ngaku nama
meureun kuring teh moal isin
kangjeng Nabi nyaur arum
eta aya tamu gagah
maksudna teh engke bae urang catur
kitu jeung Nabi ngandika
ka eta Bagenda Ali

92. Ayeuna perasahabat
menta tulung ngajungjungkeun tihang masjid
Perbu Kean Santang nyaur:
"sumangga ngiring timbalan
Kean Santang Pangeran Gagak Lumayung
geus rek nyandak hiji tihang
tihang pikeun tihang masjid

93. Kitu deui persahabat
Abubakar, Umar, Ali pada nyangking
barang tihang rek dijungjung
sakabeh maca kalimah
geus jung ngadeg amung hiji tacan nangtung
nya eta perbu Kean Santang
dodogeran teu kaindit

94. Kean Santang dodogeran
eta tihang kuning anu ti ratu jin
tibatan tihang kajungjung
sampean amles ka lemah
cikaringet barijil sabulu-bulu
sarta cikaringet darah
Perbu Kean Santang muni

95. Tulung teu kabawa beurat
Bagenda Ali gumejeng bari ngalahir
"boro gagah teu kajungjung"
Mesem galih persahabat
Bagenda Ali geus kek nema tihang agung
barina macam kalimah
jeung kaluhur durma galih

VI. Pupuh Durma

96. Kabeh tihang geus ngadeg geus didangdosan
ceuk sakaol hanteu sami
loba nu ngabantun
dalah darongkap sorangan
dongkapna teh eta kai
ngan geus sampurna
geus parantos ontob masjid

97. Kacaturkeun eta Perbu Kean Santang
wirangna kaliwat saking
mikir sajeroning manah
wiwirang nu dibelaan
"homo teuing engke aing
geus prak ngayonan
gagahna Bagenda Ali"

98. "Ayeuna ge geus wirang ku istijradna,
komo teuing geus prak jurit
aing geus taya untupan,
ngalawan dina ngalaga"
Perbu Kean Santang singkil,
niat rek minggat
eta seja kabar mulih

99. Nepak bumi dek kabur ka awang-awang,
barang deuk ngapungna tarik,
teu kebat ka awang-awang,
kasiku ku Rasullullah,
geuwat deui kana bumi,
Den Santang ragrag,
biur deui ragrag deui.

100. Tujuh kali maburna teu bisa kebat,
kasiku ku kangjeng Nabi
cambal kasaktenna,
geus rumasa Keyan Santang

ngaluhuran kangjeng Nabi
apes jayana,
tinya hayang nerus bumi

101. Sang Lumajang rek nerus bumi kahandap
barang dek bus kana bumi,
bumi hanteu suka
susah Perbu Kean Santang
datang lesu liwat saking
taya tanaga
leuleus kabeh tulang sendi

102. Raraosan lir bentang gering pat bulan
ukur bisa usik malik
teu aya tanaga
lamun seug aya tanaga
meureun lumpat suku aing
manahna Santang
nyaur dina jero ati

103. Tina sabab kasiku ku Rasullullah
ti harita urang Jawi
sihir-sihir kagagahan,
satiap dongkap ka Mekah
kudu bae apes sihir
Gagak Lumayang
sumping pikiran birahi

104. Kean Santang nyaur dina jero manah
"ieu lalampahan aing
kasiku ku Rasullaullah
sanajan mulang ka Jawa
enggeus tangtu awak aing
cilaka cambal
diri wirang awak rujit

105. "Ayeuna mah anggur aing rek tabeat
agama Hindu teu hasil

jaga geus komo cilaka
cacak ayeuna ge wirang
Perbu Kean Santang indit
seug ngadeuheusan
kapayuneun kangjeng Nabi

106. Kangjeng Nabi mariksa ka Kean Santang
gentrana arum jeung manis
matak bingbang manah
"He Perbu Kean Santang
naon maksud Raden galih
pang ngadeuheusan"
Kean Santang unjuk ta'dim

107. "Kaulanun agung bebendu gamparan
mugi idin kersa gusti
nyanggakeun dikaireugan
gusti nu langkung waspada
seja ngiring agama suci
sumeja tabeat
sareng deui jisim abdi

108. "Paneja abdi mo mulang ka tanah Jawa
seja ngiring dampal gusti
Kangjeng Nabi narima
Insa Allah Kean Santang
ari geus dongkap birahi
sinareng ihlas
ulah sok tuturut munding"

109. "Pikir ulah kabawa ku kaba-kaba"
Kean Santang matur ta'dim:
"tobat hanteu pisan
jisim abdi enggeus pasrah"
enggal bae Kangjeng Nabi
dek minulangan
sahadat kalimah kalih

110. Kean Santang tumut kana piwurukna
kawuwuh terap birahi
Kangjeng Nabi ngadunga
neda ka Yang Maha mulya
dipadangkeun caang pikir
manah Kean Santang
putus panedana Nabi

111. Cara koneng katetesan apu tea
satekane kang dumadi
diginuluran kersana
siang wengi hanteu kendat
wahyu ti yang maha suci
sagala kersana
ka Nabi Rasul kakasih

112. Kean Santang sawuruk Nabi kamanah
serta geus terap birahi
geus padang manahna
dibukak ku yang sukma
Kangjeng Nabi geus ngalahir
ka Abubakar
He ki Abubakar Sidik

113. "Singna terus ieu Raden Kean Santang
wuruk kur'an sina ngaji"
Abubakar anarima
miwah sahabat sadaya
ngiring satimbalan gusti
Gagak Lumajang
manahna kasmaran galih

VII. Pupuh Asmarandana

114. Enggalna nu mangun jurit
Siang wengi Kean Santang
hanteu weleh-weleh ngaos
dibanding para sahabat
pada asih sadayana
kawuwuhan ku jeng Rasul
kakasihna Keang Santang

115. Carios nu mangun gurit
sanggeus tetep Kean Santang
beurang peuting getol ngaos
pitulung yang maha mulya
katambahan ku mujijat
tina kakasih nu luhur
aosannana geus paham

116. Lamina dicatur deui
ngaosna di nagri Mekah
gues sataun lamina teh
sagala aosan paham
taya kitab nu kaliwat
wantuning ditempat makbul
mustajab sapanejana

117. Saparantos kitab deui
seug ngaos tatakrama
hormat tilawat sakabeh
tiba teu kendat berjumah
siang wengi ngadeuheusan
satuluyna mah tabaruk
satariyah nakasbandiah

118. Guru tarekat ka Nabi
kantun tetep ibadahna
lima waktu langkung getol
geus puguh hujung puhuna

sahadat jeung sajatina
sakalangkung matak lucu
asih sakabeh sahabat

119. Sumawon Bagenda Ali
asihna kabina-bina
cara katurunan bae
Abubakar, Umar, Usman
siang wengi teu papisah
kawuwuhan ku luluhur
Gusti jeng Nabi Muhamad

120. Siang wengi dipiasih
hanteu beda ka sahabat
samalah jenengana teh
geus lain jenēngan Santang
atawa Gagak Lumajang
sumawon Gagak Lumayung
ari kakasihna dua

121. Sunan Rahmat gentos kasih
atawa Sunan Bidayah
kocap mangsa harita teh
jeung sadaya persahabat
Ali, Abubakar, Usman
ngaberes payuneun Rasul
serawuh Umar bin Hatab

122. Kangjeng Nabi seug ngalahir
marios ka Sunan Rahmat
"Cing ayeuna arek naros
rehing geus salin agama
wirasat kuma raosna
menggahing agama Hindu
sinareng agama Islam"

123. "Ayeuna ditanding pikir
karana urang teu maksa
seug coba mana nu enteng
mana nu karasa senang
upama maneh tibelat
ka eta agama Hindu
ku urang moal dipaksa

124. Sunan Rahmat matur ta'dim :
"sumuhun dawuh timbalan
ayeuna jisim abdi teh
sumawonna tineung tea
ka agama Hindu Jawa
kawasna saumur hirup
moal emut-emut acan

125. Sumawonna abdi eling
sahingga ka tanah Jawa
sim abdi geus moal bae
geus hanteu hayang nyoreang
sumawonna nineung tea
sanajan dumuk ka umur
teu hayang nilarkeun Mekah.

126. Kangjeng Nabi nyaur manis:
cing kieu ari ayeuna
tanda teu dek nyoreang teh
yen nilar ka pulo Jawa
cing coba maca kalimah
serta bari mepet bayu
peureum sahingga geus tamat

127. Ku Raden beuntakeun deui
kuma eta wirasatna
raraosan anu yaktos
Sunan Rahmat matur "mangga"
sot tasbeh sareng sajadah
simpen heulanan dipayun
dek Raden maca kalimah

128. Nya eta kalimah kalih
ashadu allaillaha
illellohu nu diaos
waashaduana Muhamad-Rasullullah
kitu macana
barangna parantos putus
mepet bayu geuwat beunta

129. Kersa Allah geus pinasti
geus ras eling Sunan Rahmat
sakalangkung bengongna teh
anjeunna aya di Jawa
di tempat Karang Pakuan
segruk nangis bari nyuuh
dastarna dianggo pisan

130. "Aduh gusti Kangjeng Nabi
jisim abdina kumaha
bet pertela ieu yaktos
bet jadi aya di Jawa
serta di Karang Pakuan
bari nangis segrak-segruk
kaserep ku Rasullullah

131. Jisim abdi geus teu sudi
aya deui di Pakuan
teu nyanten abdi kabendon
mugi gusti ngahampura
nu asih ka umat tuan
ti luhur sahibas rambut
ti handap sahibas dampal

132. Sunan Rahmat keur prihatin
kareueung nineung nya rasa
raos titingalan oge
ningal ka Karang Pakuan
hanteu sudi-sudi acan
reup peuting asa ngalindur
rarasaan asa gundam

133. Ti peuting osok kaimpi
ti beurang kantun waasna
diupamakeun kabogoh
istri geulis sarta lenjang
atawa ku pamajikan
papisah katinggal umur
ditandingkeun reujeung eta.

134. Sajerena geus mo tepi
kakeueung kanineungan
ageung keneh ka papagon
euweuh eukeur ngaupama
lamun ku Rasullullah mah
komo mun katilar pupus
cacak papisah ka Jawa

135. Sakieu wirasat diri
beak umur kaedanan
Sunan Rahmat bari mios
angkat hanteu puguh losna
taya jalma nu mendakan
diayana ge nu wawuh
sahingga urang Pakuwan

136. Kawantu rupina haji
marukanna lain Santang
taya jalma anu nyaho
kebat Sunan Rahmat angkat
lalakon nu kaedanan
enggaling nu mangun catur
bijilna di ujung kulon

VIII. Pupuh Mijil

137. Sunan Rahmat barangna ras eling
manahna tawalo
jeung deui barang ngareret
mendak tempat anu suni
tinya liren calik
minangka tapakur

138. Siang wengi hanteu kendat muji
saking ti rumaos
kaireugan katalingeuhan bae
teu jadi manah nu suci
mantep ka yang widi
sidakep tumungkul

139. Amateni kang patang perkawis
kang pinendeng urang
pengucap lan talingane
paningal karana malih
sawiji tan kenang pati
pek matiya nagung

140. Angilone paesan satunggil
kasmaran rupi kang yaktos
ya iku tan kenang paten
manjing metu ing apesi
Sunan Rahmat anglilir
kaya mentas turu

141. Kuwung-kuwung melengkung meg langit
teja mayang katon
lain sejane kang tingale
Sunan Bidyah ras eling
raos ka babawa impi
jeung deui dicatur

142. Lamina teh didinyana ngancrik
kira sataon nya raos
hanteu tuang hanteu sare
sarena pada tingali
ku antek nya ati
hayang deui tepung

143. Sareng pangkon kangjeng gusti nabi,
Rasullullah angot
kocapkeun siji mangsa teh
barangna reup deui peuting
peuting geus beurang deui
kira wanci subuh

144. Eukeur maca muji ka yang widi
pitulung yang manon
tina kamurahanana teh
sumawon nu laku becik
hingga ala deui
murahna yang agung

145. aya sowara tan katingali
unggeling sorane
He Sunan Bidayah maneh
lamun hayang tepung deui
jeung Nabi kang sinepi
Kangjeng Nabi rasul

146. Reujeung deui mun maneh teu ngarti
pertandana yaktos
mujijatna kangjeng Nabi teh
ngungkulan ti para Nabi
panguluna para Nabi
sirahing para Rasul

147. Makutana ambiya sakalir
kakasih yang manon
cing ayeuna coba maneh teh

geura maca kalimah kalih
sing estu jero ati
serta masing suhud

148. Nya eta maca kalimah kalih
sanggeus beunta panon
kumaha wirasat maneh
tangtu ku maneh kapikir
reujeung kasmaran galih
tambah mendak makbul

149. Ngan sakitu soara lēs gaib
tuduhna nu yaktos
ras eling Sunan Rahmat teh
muji sukur ka yang widi
alhamdullillahi robil a'lamin
mimitina maca taud

150. Sunan Rahmat enggal maca gasik
meungpeung tacan poho
nya-eta maca kalimah kalih teh
ashadu allaillaha illellohi
waashadu ana deui
Muhamad Rasullullahu

151. Metu napas bari ret ningali
kersaning yang manon
Sunan Rahmat rurat reret bae
barēngna enggeus ningali
ēnggeus dipayuneun Nabi
kangjēng gusti Rasul

152. Pērsahabat ngaberes digigir
urut bieu yaktos
katingali sajadah tasbe teh
da puguh ge urut tadi
geus kasmaran galih
Raden lajēng sujud

153. Kasampeyan jēng gusti sinēlir
kanjeng Nabi naros
kuma raraosan maneh
ayeuna sinareng tadi
mana anu gampil
Islam sareng Hindu

154. Sunan Rahmat unjuk bari ta'dim
sumuhun parios
sumawonten ras jisim abdi teh
ditetelakeun ka gusti
wirasat di abdi
najan teu piunjuk

155. Kangjeng gusti nu langkung tingali
ratuning waspaos
sumawonten umat kabeh
pitung bumi pitung langit
sawarga aras jeung korsi
naraka pon kitu

156. Amung gusti nu langkung tingali
ngan abdi teh helok
sēja tumaros abdi teh
pisah ti gusti ka Jawi
dicatet ku abdi
lamina satahun

157. Nya teu tēpang sarēng pangkon gusti
amung abdi helok
kari-kari ditingal tasbe teh
sajadah nya kitu deui
kawas urut tadi
jeng Nabi ngadawuh

158. Eta bae sahabat ku rayi
coba seug parios
engkang mah sakieu bae

bade ngawalon ka rayi
poe ieu naon rayi
tanggal bulan taun

159, Nu sakieu ieu abdi-abdi
geura pek marios
tuh ka paman nya marios teh
Abubakar imut manis
seug ngawejang deui
ka Gagak Lumayung

160. He Sunan Rahmat anaking
maneh masing ngartos
eta apan tasbe saksina teh
tacan ganti beurang peuting
bulan kitu deui
sumawonna tahun

161. Sareng dei manah masing lantip
ulah salah raos
ulah jadi helok jro manah teh
manahan masing ka surti
talek masing sidik
ngelmuna sing timu

162. Sunan Rahmat tungkul bari mikir
teu lami pok walon
geus kahartos saurna teh kabeh
saur Abubakar Sidik
manawi kairing
mujijat luluhur

163. Persahabat ger gumujeung manis
ngiringan geus cocog
Sunan Rahmat langkung sukana teh
keleresan ku permumin
carita birahi
kinantinya kalbu

IX. Pupuh Kinanti

164. Kangjeng gusti Nabi Rasul
enggalna mariksa deui
nya-eta ka Sunan Rahmat:
engkang teh dek nanya deui
kumaha di tanah Jawa
menakna jeung abdi-abdi

165. Agamana masih Hindu
atawa campur agami
Hindu jeung agama Islam
loba mana mun ditanding
coba engkang menta terang
Sunan Rahmat matur ta'dim

166. Sumuhun timbalan Rasul
yaktosna di tanah Jawi
Hindu pisan sadayana
agama Hindu dipuhit
sumambatna ngan ka Dewa
jeung seweng cegahan Nabi

167. Taya murat taya makeruh
batal haram kitu deui
tina saking ku teu aya
hadis pangandika Nabi
dalil pangadilan Allah
agama Islam teu manggih

168. Kadangu ku kangjeng Rasul
sakalangkung welas galih
hawatos ka para umat
umat nu aya di Jawi
cing Raden ari ayeuna
ku engkang didamel wakil

169. Sumawonna rayi purun
ngambah deui tanah Jawi
teu purun diteda suka
kudu bae angkat deui
nya-eta ka tanah Jawa
ku engkang didamel wakil

170. Saupama Raden purun
didamel wakil ka Jawi
nyelamkeun di pulo Jawa
sing maca kalimah kalih
kieu perjangjian engkang
sumawonna diri rayi

171. Saha-saha anu nurut
barangkali engkang rayi
kana kaluputanana
jaga ditanggung di Batin
dijauhkeun kanaraka
pinanjing janatun naim

172. Geura seug sing deukeut dangu
ku rayi manah sing lantip
dalil pangandika Allah
salirana ieu pulih
jeung deuina anu nyerat
hatur paneda sim kuring

173. Satu muni salah nyebut
pajahati mugi-mugi
perulama sadaya
atawa kapala santri
kerna Allah didangdosan
kieu pangandika Nabi

174. Abin sani mu'minun
ala insani mumin2
walharama ati Islam

apallahu linnasi
walmuslimina walmuslimat
illa ipwa mu'minin

175. Wajibuli yapalu
ayuhal mina ami
kobla almaot badal maota
gaeru illal munapikin
munapikin illa
insan jahilin illa pinarin

176. Ari paeh moal burung
taya gede taya leutik
taya kolot taya ngora
taya menak taya kuring
taya gagah taya kurang
taya cageur taya gering

177. Ka agama masing suhud
ulah bosen beurang peuting
jeung masing gumati pisan
ka agama kangjeng Nabi
lamun geten ka agama
pasti eta mulya diri

178. Sunan bidayah seug tungkul
ngupingkeun piwuruk Nabi
ngeunah jeung gentra tetela
isin pabaur jeung ngerik
matak ngabingbangkeun susah
teu kandeg ngupingkeun gusti

179. Jadi sungsuam jeung balung
surup kulit kana daging
sumarambah kana bayah
terus kana sanubari
Sunan Rahmat unjuk sembah
nuhun satimbalan gusti

180. Pirang-pirang abdi untung
diasih ku dampal gusti
kasuhun ka lingga murda
kacangcang ku duwa kuping
kacangreud ku tungtung rema
nuhun salaksa lumiring

181. Siang wengi seja tumut
kana satimbalan gusti
sumeja ngemban timbalan
angjeng Nabi nyaur deui
sukur Raden Sunan Rahmat
sambung dunga siang wengi

182. Jeung deuina bisi ripuh
engke teh di pulo Jawi
nu enteng bae pilihan
jeung saha di pulo Jawi
anu jadi gegedena
nu mangku di pulo Jawi

183. Piunjuk Gagak Lumayung
nuhun timbalan jeng gusti
ngan nagara Pajajaran
nama Perbu Siliwangi
Dawuh kangjeng Rasullullah
tah eta heulakeun rayi

184. Lamun enggeus puguh tumut
abdi tangtunage gampil
kumpulkeun ku rajana
geus kantenan ngariring
kana satimbalan
tah kitu entengna rayi

185. Sunan Rahmat pek piunjuk
ngiring sadawuhan gusti
tegas timbalan jeng tuwan

bade mios jisim abdi
abdi gusti neda jiyad
nyuhunkeun mujijat gusti

186. Sunan Rahmat enggal sujud
ka dampal sampean gusti
ku Nabi seug diladonan
hurmatna silaturahmi
lajeng bae Sunan Rahmat
geus munjung ka kangjeng Nabi

187. Ngalirik deui ka pungkur
munjung ka Bagenda Ali
ka Umar sareng ka Usman
jeung ka Abubakar Sidik
Sunan Rahmat seug ngadunga
jeung maca kalimah kalih

188. Laillaha illallohu
Muhamad Rasullullahi
socana peureum teu ningal
tekadna nu lantip budi
maca kalimah tabeat
minangka mujijat gusti

189. Kersaning Allah nu agung
Sunan Rahmat keur diasih
karamat Rahmat mujijat
barang bray beunta ningali
Sunan Rahmat geus di Jawa
manjur karamat kakasih

190. Barang ngalirik ka payun
Sunan Rahmat seug ningali
beh karaton Pajajaran
malah Perbu Siliwangi
harita keur magelaran
ponggawa Mantri Bopati

191. Di paseban pepek pinuh
harita Sang Siliwangi
taya sanes nu diwejang
naha kalamian teuing
lampah Perbu Kean Santang
rada sumelang nya diri

192. Barang keur guneman catur
Perbu Kean Santang sumping
geus dongkap payun ramana
kaget sadaya ningali
sakedap bengong teu awas
ku sabab panganggo haji

193. Geus lami sadaya emut
ka eta Gagak Lumiring
sakabeh nyebut haturan
kocap Perbu Siliwangi
naha Raden Kean Santang
mana kalamian teuing

194. Sampe meunang dua taun
ama hayang pisan nguping
ama anu sayaktosna
kumaha Bagenda Ali
eta diayonananana ?
nu kocap kapungkur jurit

X. Pupuh Pangkur

195. Sunan Rahmat seug haturan
piunjukna ka Perbu Siliwangi
kang putra hatur piunjuk
perkawis putra ngajonan
enggeus niat
jeung Bagenda Ali pamuk
eta beja kayaktosan
perkawis Bagenda Ali

196. Eta teh bangsa karamat
kawuwuhan ku mujijat kangjeng Nabi
nu kakasih maha luhur
perkawis putera tea
sumawonna nepi kana perang pupuh
cacakan ku karamatna
putra teh geus apes diri

197. Cindēkna putra teu kiat
moal aya nu mental Bagenda Ali
ka kasih kangjeng luluhur
tina putra geus teu kiat
manjing selam teu guna agama Hindu
hanteu nineung hanteu melang
matak disiksa di batin

198. Karana mungguhing urang
paeh tea tara dua tilu kali
ngan sakali enggeus tangtu
saupama diri urang
lamun wafat teu mawa iman geus tangtu
dikuburna ge disiksa
ku Munkar jeung Wanakir

199. Sumawon diarah Mahasar
enggeus tangtu lamun teu nurut ka nabi
kana agama luluhur
menggah kangjeng nabi tea
geus kasebut makutana para Rasul
nu kagungan alam dunya
pitung bumi pitung langit

200. Sawarga sareng naraka
sumawonna sakabeh eusina deui
jin, setan sakabeh makhluk
sakabeh asal tidinya
mana putra ayeuna nu mawi cunduk
yaktosna ngemban timbalan
ka Jawa wakil jeng nabi

201. Ngislamkeun ieu di Jawa
mugi-mugi kangjeng rama Siliwangi
ayeuna teh kudu taluk
miceun Hindu manjing Islam
parmanahna ulah bareurit sing nurut
ayeuna teh tuang putra
hukum mula tambah suci

202. Jeung kabeh kaula warga
kawuwuhan dikersakeun jadi wakil
wawakil kangjeng luluhur
coba putra seug walonan
saupama putra ayeuna teh kudu
kuma kersa purunna maha
kang putra seja dek ngiring

203. Cindekna mah ka sadaya
saha-saha anu teu nurut ka kami
nu kitu beunang disebut
jadi satru kabuyutan
Siliwangi hookeun reuwas kalangkung
naha ieu Kean Santang
kawas jalma nu teu eling

204. Datang ti Mekah teh edan
atawana ieu jalma selang-seling
ku Sunan Rahmat kadangu
lamun kieu petana
Pajajaran ayeuna tangtu diamuk
dijieun lemah irengan
rajana tangtu dibasmi

205. Atina teuas siluman
lain aya pikiran kadua lantip
pituduh nu matak makbul
kalah ngangaranan edan
Siliwangi geuwat ngawalonan arum
hekang putra Kean Santang
engke ulah waka pusing

206. Perkawis nalukeun Selam
ama nanya pertanda nu jadi wakil
mana piagem ti ditu
coba ama ningalan
Sunan Rahmat ngajawab ka sang Perebu
henteu nganggo piagemna
karana hanteu maparin

207. Tina kalangkung percaya
Siliwangi ka Santang ngajawab deui
cindekna iau teu puguh
mama teh kirang percaya
mun geus ningal piagemna ti luluhur
ama teh tangtu didinya
kari arek mikir-mikir

208. Pangandika Sunan Rahmat
mun kitu mah puguh pikiraneun deui
ulah ngangaranan burung
pasaling piagem gampang
Kian Santang bari neneda ka Rasul
ayeuna dek nyokot heula
ka Mekah dek balik deui

209. Kebat lampah Sunan Rahmat
enggeus mundur ti payuneun Siliwangi
di jalan hanteu dicatur
ngan kocap bae geus dongkap
Sunan Rahmat harita enggeus dipayun
kangjeng Nabi seug mariksa
kumana bejana rayi

210. Sunan Rahmat unjuk sembah
nun sumuhun perkawis dawuhan gusti
sim a bdi can hasil maksud
abdi kalah cacarita
ku kang rama di Siliwangi Pērēbu
abdi teh dipenta tanda
piagēm wakil ti gusti

211. Kangjeng nabi ngadawuhan
miwarangan nyandak kertas jeung mangsi
piwarangan enggeus cunduk
kangjeng nabi enggal nyerat
hanteu lami nyerat piagem geus tutup
dipasihkeun ka Seh Rahmat
ku Seh Rahmat geus ditampi

212. Serta guligah manahna
Sunan Rahmat tidinya teh lajeng amit
ti payuneun kangjeng ratu
kangjeng nabi seug mariksa
Insa Allah rai Sunan Rahmat agus
sing canduk ka tanah Jawa
Sunan Rahmat tungkul ta'dim

213. Ngupingkeun eta pidunga
suka ati Sunan Rahmat seug ngalirik
kersa Allah enggeus cunduk
sakiceup dibawa mulang
enggeus aya di negeri Pakuwan datun
dina lebah kaca-kaca
nya-eta di sirah negeri

214. Sunan Rahmat barang ningal
kana batu lempar alus liwat saking
patlot mangsina dicampur
tulisan aksara Jawa
Sunan Rahmat ngadamel bari ngadekul
eta batu dingaranan
nelah ngaran batu tulis

215. Anu matak Sunan Rahmat
eta nyerat kersana di batu tulis
supaya pada weruh
menak di Pajajaran
yen anjeunna jadi wawakil luluhur
mangsana eta keur nyerat
nuju jalma wara wiri

216. Nya eta nu rek kumpulan
para mantri panggawa para bupati
aya hiji Mantri weruh
mariksa ka nu keur nyerat
eukeur naon eta nulis dina batu
dijawab ku Sunan Rahmat
syukur nanya maneh Mantri

217. Iyeu kami mana nyerat
eukeur nyieun tanda wawakilna nabi
nya kami wakil luluhur
ngislamkeun di Pajajran
enya eta nyalinan agama Hindu
gentos ku agama Islam
saha-saha bae jalmi

218. Anu teu turut ka urang
enggeus tinantos napsuna ka anu mungkir
diayonan moal mundur
kakuping ku mantri tea
jeung ditinggal bet Raden Gagak Lumayung
Mantri geugeuwatan angkat
nguninga ka Siliwangi

219. Teu lila mantri geus dongkap
Sang Perbu kasondong jeung Perbopati
mangsana eukeur berhimpun
taya sanes nu diwejang
rehna eta anu dek nalukeun Hindu
mupakat jeung para raja
purun teu purun nya galih

220. Rehna kitu Kean Santang
Perbupati tungkul teu jawab sahiji
barang keur ngadawuh kitu
torojol Mantri unjukan
piunjukna Mantri dipayuneun ratu
sim abdi unjuk uninga
mendak putra eukeur nulis

221. Pangeran Gagak Lumajang
ngadamel nyerat dina batu tulis
sarta bari nuduh-nuduh
supayana pada terang
kudu Islam nyalinan agama Hindu
jeung aya anu dicandak
ku anom piagem wakil

XI. Pupuh Sinom

222. Kakuping ku Sang Pakuan
piunjukna eta mantri
kaget Ratu Pajajaran
ngadawuh ka perbopati
barina jeung nguncung pikir
cing kumaha para ratu
rempagna teh ieu urang
karana geus datang deui
Kean Santang eta si Gagak Lumajang

223. Perbopati piunjukna
ari mēnggah jisim abdi
asup kana paribasa
taya sanes nu diiring
siang wengi kangjeng Gusti
nu diwereg lampah ratu
sumawonna abdi tea
kamana-mana ge abdi
hanteu niat nyalinan deui agama

224. Lamun ku dawuhan tuan
menggah abdi seja ngiring
seug Siliwangi ngandika
he ayeuna para mantri
ari pikiran kami
temen kula para ratu
papada oge mupakat

pikir mah kalangkung mungkir
ngadenge ge najis
ka omongannana

225. Kula hanteu seja pisan
leuwih sangeuk liwat saking
make nyebut ditakonan
ku Munkar eujeung Wanakir
anut ka agama Nabi
jeung ngomong-ngomong dikubur
baroraah niat tea
anggur cua liwat saking
majar gada sereg di langit gedena

226. Nyebut paeh ditakonan
omongna bangsa teu harti
jeung menggah nu mati tea
dikubur di jero bumi
kubur teh dangan saeutik
sapira lega di kubur
katurug make tamela
di jero teh beuki heurin
kari2 make nyebut ditakonan

227. Najis teh jeung mawa-mawa
siga titiran hanjeli
barina ngomong sorangan
haruwas-harewos leutik
jeung nyambut ka Kangjeng Nabi
beleke bae nu burung
lamun seug taya halangan
ngan ku geus beunang jurit
mani pikir hayang nalipak sing modar

228. Cindekna ayeuna urang
saha teu anut agami
nya eta ka nabi tea
ponggawa atawa Mantri

atawa Jaksa jeung Patih
ka raden Gagak Lumayung
montong sieun montong reuwas
ari nurut mah ka kami
ayeuna mah bisi kaburu ku Santang

229. Kaburu datang ka urang
tiningal anut agami
kajeun ninggalkeun nagara
urang kabur bae nyingkir
balik ka asal tadi
muru Pajajaran hayu
ari kula sorangan
arek jalan nerus bumi
ieu kraton urang cipta jieun alas

230. Ari sakabeh para raja
jeung ieu punggawa Mantri
kabeh kudu mindah rupa
jadi macan warna warni
Piunjuk ponggawa Mantri
kabeh kudu ngiring ratu
enggalna ratu Pakuan
nyandak tukem ki lagondi
diguratkeun kana tanah padaleman

231. Istijadna tinēkanan
karaton geus salin rupi
jadi leweung jujumplukan
kitu deui Perbupati
diteunggeul ku kilagoni
sakabeh geus jadi maung
ari nu jadi ratuna
ratu Batulajang aji
enggeus budal kabeh maruru Sancang

232. Ari geus dongkap ka Sancang
seug salin jenengan deui
ratu Patek salin nama
Kocap Raden Arga Patih
teu milu jeung Perbupati
jajatena hanteu campur
Perebu Taji Malela
anu diangkat Papatih
mindo rupa jadi manjangan Kancana

233. Tapi sejeroning angkat
manahna kadua leutik
tibelat ka Sunan Rahmat
ngan mugi kapayun deui
ditepungkeun diri aing
jeung Rąden Gagak Lumayung
mugi saputra putrana
eta Pĕrbu Siliwangi
sing sapikir reujeung Pĕrbu Kean Santang

234. Oge turunan timana
naha paman beda pikir
kocap bae Patih Arga
ka Pajajaran geus sumping
tĕpung jeung celeng sareuri
ēnya eta jaden Galuh
Pajajaran sewu tea
tĕtĕp eta Raden Patih
leungit mencek tanggal deui patih arga

235. Kocap deui Sang Pakuan
atawana Siliwangi
nĕrus bumi ti Pakuan
kocap Sunan Rahmat deui
barang sumping ka jero puri
hookeun kaliwat langkung
karaton bĕt jadi alas
naha rama Siliwangi
antukna mah dongkap ka kieu-kieuna

236. Hanjakal teu tepang heula
leu Pērbu Siliwangi
batan daek ka agama
kalah minggat ti nagari
jadi rutuning silemin
dilari lacakna Perbu
urut nērapkeun istijrad
Sunan Rahmat pantes galih
panasaran daek teu daek agama

237. Geus kacipta ku wirasat
jalanna nerus ka bumi
coba ku aing dipegat
panasaran tacan panggih
sing teh sakali deui
ari geus tangtu mah puguh
daek teu daek agama
geus jongok mah kajeun teuing
Sunan Rahmat lajeng muntang ka karamat

238. Ditēlik lampah nu minggat
enggeus tinangtu bakal bijil
dina lebah Tegalluwar
Sunan Rahmat tungkul muji
jeung maca kalimah kalih
sahingga eta geus tutup
Sunan Rahmat beray beunta
satēkanan kang dumadi
ngan sakiceup geus aya di Tegalluwar

239. Kocapkeun ratu Pakuan
samemeh anjeunna bijil
istijadna nu tiheula
lemah nyungkur munjul bumi
teu lila anjeunna bijil
jeung Sunan Rahmat gok tepung
cing ayeuna enggeus tepung
jeung piagem ieu bukti
ayeuna mah putra ngupingkeun sakersa

240. Dek taluk atawa moal
menta jawab anu yakin
Siliwangi hanteu jawab
lēp deui anerus bumi
tina saking ku teu sudi
Sunan Rahmat imut kantun
ēnya teuas ati rama
tinya mah Gagak Lumiring
lajeung angkat lampahna sawenang-wenang

241. Kocap Pērbu Pajajaran
kēbat lampah nerus bumi
manahna anu di seja
rek muru Cikaso nagri
rek nyampeurkeun wana tadi
aya di Ratu manaun
Sang Perbu Pajajaran
munjul deui lēmah miring
dinya munjulnya eta Munjul-suriyan

242. Barang bijil Sang Pakuan
ngagēbēg basa gok panggih
reujeung Pērbu kean Santang
ngadegdeg kaliwat saking
raosna Sang Siliwangi
eta teh Gagak Lumayung
dipayuneunnana pisan
tur ta hanteu aya sepi
ngan ku bakat karamatna Sunan Rahmat

243. Eta Perbu Pajajaran
lēp deui anērus bumi
arek muru ka putrana
langkung Pakuan diusir
nu aya di Sunan Sandi
di nagara dayeuh Manggung
geus bijil Ratu Pakuwon
munjul deui tina bumi
sawetaneun padarek eta munjulna

244. Barang elol Sang Pakuan
ngagebeg deui Siliwangi
geus singsieuneun ku Santang
lēp deui anerus bumi
tidinya mah kebat indit
bijilna di Duren-sewu
gok tepung jeung Patih Arga
Siliwangi suka ati
langkung manis geus tetep di Pajajaran

XII. Pupuh Dangdanggula

245. Kasigeugkeun Pērbu Siliwangi
nu geus tētēp sareng garwa putra
di Pajajaran Sewu teh
gēntos deui nu dicatur
kocap Sunan Rahmat deui
ngubēk di Pakuan
turut-turut lēmbur
nyēlamkeunnana teh senang
henteu cara menak Pajajaran brewit
lajeng kana pigunungan

246. Sakapēndak di tegalan jalmi
anu nyawah sarēng nu ngahuma
eta diselamkeun bae
amung harita nu tangtu
ngan maca kalimah kalih
hanteu acan disunatan
sabab tacan wēruh
pilemburan pigunungan
nu diambah nu heula anut agami
para menakna diliwat

247. Sabab lingas ēnggeus meunang warti
unggal nagri diayaan serat
serat ti Siliwangi teh

nu mawi loba nu nyumput
para Mantri geus muringis
amung abdi-abdina
nu tarētēp lalungguh
hanteu gēdag kalinduan
geus bagjana pinanggih reujeung agami
sarta pikir tambah senang

248. Kabungahan ku kalimah kalih
hanteu ridu dibawa-bawana
nu nyawah di kebon jongjon
Pangeran Gagak Lumayung
top nandakna buku alit
ditungkut jeung ditulisan
sakur nu geus anut
nu unggel dina catetan
nummer satu ngaranna teh eta jalmi
ka dua ngaran lemburna

249. Kitu deui umurna ditaksir
kolot budak anu geus mistina
tēgēsna anu geus baleg
geus ditulis dina buku
kitu deui nu ditulis
eta teh sadayana
dijumlah diitung
enggeus puguh di Pakuan
ngalih deui lajeng ka sanes nagari
tanapi ka pigunungan

250. Mapay2 ti gunung ka nagri
saayana kabeh anut Islam
nyeta di Batulayang teh
tidinya ka lebak agung
atawa ka lebak wangi
nyeta curug Dogdog tea
sareng curug sempur
satu nagri opat ngaran

wantu-wantu eukeur jaman anu tadi
aya anu jadi raja

251. Dinya aya putra Siliwangi
nama raden Santang Pērtama
putra ti Batulayang teh
jeung Sunan Rahmat geus tepung
saklangkung suka ati
sarta geus masup islam
Sonona hanteu dicatur
wantu panjang keneh maksad
Sunan Rahmat saderekna suka galih
bagjana Santang pertala

252. Sunan Rahmat seug netepkeun rayi
jadi pangkat rehna seweng raja
jadi ratu curug Dogdog
jumeneng Dipati Ukur
Sunan Rahmat hanteu lami
ti curug Dogdog geus jengkar
geus ngalih ngajugjug
turut lamping nyorang tegal
enggeus nyorang lebak gunung Malasari
wates ka Timbangantenan

253. Tuluy nyorang ka pinggir nagarai
enya eta dayeuh Pangadegan
ngajeujeuh ka lembur bae
nu aya sadaya anut
amung menakna sarepi
geus putus di Pangadegan
sor deui ka payun
nyorang dayeuh Tambakbaja
kitu deui abdina dipinggir nagri
nu aya geus manjing sēlam

254. Menak didinya hanteu kawarti
Sunan Rahmat nyorang Korobokan
rawuh bae anjeunna teh

261. Ti awitna dumugi ka ahir
yen anjeunna terang ka lenggah eyang
jadi wakil luluhur teh
para eyang anu tilu
sami runtut pada ngiring
ēnggeus pada manjing Selam
sukana ka langkung
amung ieu Sunan Rahmat
malum pisan didinya teh hanteu lami
kalangkung sebab sono mah

262. Kajeun teuing engke calik deui
tina tacan seep di maksad
carios enggalna bae
Sunan Rahmat enggeus mundur
ti payuneun Sunan Sandi
nu sono kantun wayahna
eyang na di kentun
ti Lebakjaya geus dongkap
kebat ngidul sukapunten nu di usir
teu samar ka Kadung heula

XIII. Pupuh Asmarandana

263. Di Kadungheula teu lami
Sukapuntēn geus kejajah
lajeng kēbat ka Malere
ti Malere deui kebat
seug make ka Singaparna
geus dongkap ka Batununggul
terus ka Tawanggantungan

264. Tinya lajēng nerus deui
sēja nērus mapay-mapay
leuwi Sēēng Cipatenggeng
leuwi heulang Cicarulang
bēlētuk ka bakatulan

kēlēpu kalapa sewu
gelor batang timbang sano

265. Didinya deui teu lami
barang dek ka Galuh angkat
hanteu cios kebat ngaler
kebat sasab ka Parakan
nya nēlah Parakan nyasab
ka Pagēragung dijugjug
barangna dongkap kadinya

266. Di Pagēragung teu lami
barangna dek ka talaga
Sunan Rahmat hanteu cios
lajēng mapay di Cikidang
ngarandēg di Tegallaja
terus angkat ka Panjalu
di Panjalu kenging siram
267. Emut ka Cihaur deui
malik deui Sunan Rahmat
enggeusna teh ngulon ngaler
ka Haurbeuti geus dongkap
dinya aya satu ajar
guruna anu kapungkur
nama Perbu Tajimalela

268. Geus tepang jeung Ajar Taji
Sunan Rahmat langkung mandap
Sang Ajar kaget ngarontok
bagja Gagak Lumajang
Raden geura mulang tamba
meungpeung eyang tacan pupus
geura pek Raden nyarita

269. Pun eyang hayang nguping
purwana lami teu datang
Sunan Rahmat matur alun

para menak saruwung
kumpulan ka Siliwangi
ka Pajajaran sewu nagara
abdina nu kantun
sadaya geus anut Selam
sadayana nu euweuh tangtu disungsi
ngubek di Timbangantenan

255. Kandangserong rawuh Cilageni
dayeuh handap karabur basana
panunggangan Cikupa teh
terus ka Sangkanluhur
Limus haseum kasorang deui
lajeng deui angkatna
ka Ciparay terus
tuluy mapay jalan Tlaga
ka Cikaso di Pagedeng kenging ngancik
wantuning loba nagara

256. Terus ngetan tepung gelang deui
Perbasana dua kali nyorang
trus deui neang saderek
ka nagara dayeuh Manggung
barang sumping eta sepi
panggung Pakuan teu aya
kabeh geus kasaur
nya-eta ka Pajajaran
ngan abdina sakur nu kasorang tadi
enggeus pada anut Selam

257. Tidinya mah tuluy angkat deui
turut2 dayeuh Manggung tea
pikampungannana bae
abdina pada aranut
manjing Selam parantos suci
Sunan Rahmat enggeus kebat
geus lunta ti panggung
kapungkur panggung nagara

enggeus nyorang ka lebahna dayeuh deui
nyeta jaya karantenan

258. Enya eta nama Sunan Sandi
eukeur calik ngariung didinya
calikna pada ngaberes
jeung saderekna nu bungsu
sembah kuwu kandang sakiti
patinggina para Sunan
nya eta sembahna kuwu
ari Sunan sandi tea
Pagĕrjaya martuana Siliwangi
ramana Dalem Pasehan

259. Menakna di Timbangantĕn nagri
nya eta sĕmbah Dalĕm Pasehan
nagara pangnĕngahna teh
nagri rame liwat langkung
sugih dunya rea abdi
hanteu aya kakurangan
ari pasejakan ratu
ngancikna dilebak Jaya
teu kasampeur keu Pĕrĕbu Siliwangi
kocap deui Sunan Rahmat

260. Enggeus sumping ka Susunan Sandi
pangandika Sunan Pagĕrjaya
baeu banggut kangjeng teh
aduh haturan kang putu
Sunan Rahmat suka galih
tĕgĕp beunangna ngunjungan
tadimna kalangkung
lajĕng lĕnggah para eyang
enggeus pada sili taros anu yakti
Sunan Rahmat Seug miwejang

rek ambengan cacarita
nu mawi lawas teu tepang
yen jadi wakil luluhur
wakil Gusti Rasullullah

270. Kudu ngislamkeun di Jawi
ajar Taji enggeus Selam
tidinya lajeng marios
meujeuh ulah tutuluyan
jeung kudu nguninga heula
ka gusti kangjeng luluhur
sareh leres sakersana

271. Sareng deui Raden gampil
merelukan anu lian
heulakeun putra saderek
pikeun baris awak-awak
pikeun halipah agama
tapi ciptaan nu hurup
pantes ki Panggungnagara

272. Nyeta putu Sunan Sandi
tedak ka Timbangantenan
nu cocog saderek eneng
lian ti Panggung Pakuan
Sunan Rahmat seug haturan
teu aya di dayeuh Manggung
keur aya di Pajajaran

273. Pangandika ajar Taji
tapi panyana eyang mah
putra Siliwangi kabeh
enggeus oge diajiran
daek2 rabah manah
karamat randen geus kudu
cacak buktina dieyang

274. Sanes pikiran jeung tadi
nu parantos ku pun eyang
lantaran ti pangkon Raden
ari cindekna ayeuna
eyang raraosan senang
mugia Gagak Lumayung
geura ngadeuheusan heula

275. Unjukkeun anu geus kenging
bukuna nu manjing Selam
Sunan Rahmat unjuk alon
nuhun timbalan jeung eyang
putu ayeuna dek kebat
ngadeuheus ka Kangjeng Rasul
leos Sunan Rahmat angkat

276. Muji tadim ka yang Widi
angkatna satengah pana
teu uninga kidul kaler
arina satadina mah
dek angkat ka Jawa wetan
parengna maksud teu tulus
nu heula di Jawa Tengah

277. Ari eta orang Jawi
enya eta Jawa wetan
nu matak urang wetan teh
jiga bengong babasaan
tatapi bener kacida
nyebutna ge paman gunung
sabab asal pusakana

278. Timbanganten awit kawi
pangheulana aya Selam
jeung deui pusakana ge
karuhuna Ramadewa
nu ngancik di Lokapala
wiwitanna duk rumuhun
asal saking Jawi tengah

284. Ku margi ke Siliwangi
malah sadayana raja
maranjing siluman bae
jadi makhluk jero alas
Siliwangi kakaburan
menakna mah tacan anut
loba anu susumputan

285. Amung abdina teu ngiring
ngan ngiring timbalan tuan
jalmana anu sawareh
pitulung Allah Taala
sadaya ngeunah pikiran
mung abdi gaduh piunjuk
sareng para eyang2

286. Saregep ngiring agami
hanteu asa eujeung jiga
mungguh di Lebakjaya
panembahna karantenan
salalangkung suka manah
Kangjeng Nabi seug ngadawuh
nuhun eta tuang eyang

287. Kēdah damēl wakil rayi
eta sahabat ulama
minangka lawang pararos
upama anu unjukan
pasrahkeun ka tu ang eyang
samemeh jeung rayi tepung
sing tepung heula jeung eyang

288. Sunan Rahmat unjuk tadim
sumangga timbalan tuan
sareng jeu sim abdi teh
sumeja unjuk uninga
bakuna nu anut islam
ku kangjeng Nabi dipundut
buku catetan ditingal

279. Kocap Sunan Rahmat deui
barang emut tina pana
enggeus jol di Mekah bae
sarta dipayuneun pisan
payun Gusti Rasullullah
sareng sahabat karumpul
Abubakar, Umar, Usman

280. Sumawon Bagenda Ali
Sunan Rahmat seug munjungan
ka pangkon Kangjeng Nabi teh
Kangjeng Nabi Ulamana
emut bari jeung nyaurna
haturan bagea tepung
Sunan Rahmat matur mandap

281. Nuhun sadawuhan Gusti
kasuhun kalingga murda
tidinya Sunan Rahmat teh
munjung ka para sahabat
ka Abubakar jeung Usman
ari saparantos munjung
anjeunna seug ngadeuheusan

282. Kanjeng nabi seug ngalahir
cing rayi geura unjukan
kuma eta di Jawa teh
leres hanteu atawana
Sunan Rahmat seug unjukan
nun sumuhun Kangjeng rasul
berkah Gusti kaleresan

283. Abdi2 nu kapanggih
sadayana ngiring Selam
abdi teu sawios2
nu aya di Jawa Tengah
ka Jawa Wetan teu acan
nu lapur teu daek anut
Perbu Siliwangi tea

289. Sakalangkung suka galih
gusti beuki tambah welas
ka susunan Rahmat Raden
Kangjeng Nabi seug ngandika^
ayeuna teh sakalian
luluhur serepna agung
he rayi ulah kapalang

300. Ieu kabeh abdi2
anu geus maca kalimah
ku rayi teh terus bae
galihan deui Susunan
pertanda manjing Selam
wayahna di pake makbul
jadi paraji nyunatan

301. Ieu parabot sayagi
babango sareng pesona
Sunan Rahmat unjuk alon
sumuhun timbalan tuan
sumangga ngiring dawuhan
seug parabotna dibantun
teu ganti deui unjukan

XIV. Pupuh Kinanti

302. Pangeran Gagak Lumayung
geus amit ti payun gusti
jeung Nabi jumurung dunga
tuluy pidunga jeung Nabi
dalil luluhur geus dongkap
lunta ti pangkon jeng gusti

303. dongkap ka paguban mahjud
kelar ningal eta nagri
minangkana jalan cagak
nyatuluy ras ka Tanaim
sumawonna nu kacida
Sunan Badiyah seug mikir

304. Tumungkul muji ka rasul
taya deui nu dipikir
nya eta anu diseja
lamun hanteu jadi wakil
sumingkin arek ka Jawa
jeung kelar ningali margi

305. Rea pisan nu ka emut
rusras dina jero ati
pirang2 pikeun jarah
sumawon ka taip deui
Raden tacan jarah2
ngan pamugi sihing gusti

306. Satimbalan gusti Rasul
mugi dienggalkeun hasil
barang seep ngamanahan
ret deui ningal ka gigir
satadina Sunan Rahmat
lebah Bubah mahjud linggih

307. Kersaning yang maha luhur
bet geus jol di tanah Jawi
di Puger Sokawajana
gok tepang jeung jalmi2
nu satu jenenganana
Rahaden Layang Kamuning

308. Putrana Dipati Ukur
ari anu hiji deui
nama raden Tanjunglaya
putrana Layang Kamuning
Sunan Bidayah ngandika
ka raden Layang Kamuning

309. Jeung adek kamana maksud
seug matur Layang Kamuning
sim abdi ti Sempur girang
putrana Ukur Narpati

ari ngaran anu nelah
sim abdi Layang Kamuning

310. Ari ieu nu dipungkur
Tanjunglaya anak abdi
sim abdi hatur uninga
geus rumaos ireug abdi
baha ka kersa rama
teu turut papatah hasil

311. Babasan anu nawuku
eta rama jisim abdi
nu welas dipulang salah
nambuku nampik pangasih
Sunan Bidayah ngandika
na kumaha asal tadi

312. Nu matak rumaos kitu
seug matur Layang Kamuning
sumuhun timbalan tuan
awit asal jisim abdi
mungpang dawuhan jeung rama
abdi nampik ka pangasih

313. Kersa rama enggeus sempuh
teu kenging narah sim abdi
ari ieu teh pun anak
ku ama didamel wakil
jadi kapala agama
namung henteu daek nampi

314. Jisim abdi ge nya kitu
teu sanggup jadi narpati
tina teu purun teu niat
tuluy kabur jisim abdi
leumpang sakaparan-paran
mesem Sunan Rahmat nguping

315. Na kumaha mana kitu
bet salah dipikaasih
cik pikiran sekedap mah
bet hanjakal liwat saking
naon anu rek dipandang
teu daek jadi bopati

316. Layang Kamuning seug matur
leres pisan jisim abdi
pun anak pang teu sanggemna
rumaos teu bisa ngaji
nu mawi abur-aburan
nyepeng kapala agama

317. Lahirna nu mawi embung
sieun ditanya ku jalmi
ditanyana hal agama
ku abdi nu geus berbudi
upama teu bisa wirang
wirangna kaliwat saking

318. Ka dawuhan hanteu purun
sumawonna jisim abdi
ari pang yaktos-yaktosna
eta anu dipieling
putra eyang ti Pakuan
anu geus poho agami

319. Jeung uwa Gagak Lumayung
nu mukim di Mekah nagri
jadi wakil Rasullullah
anu geus kenging birahi
abdi kasengsrem ku eta
ku hayang guguru ngaji

320. Sok kajeun teu jadi ratu
supaya birahi ngaji
kakuping ku Sunan Rahmat

dirontok bari ngalahir
aduh Raden anak uwa
mun kitu mah sukur teuing

321. Nya ieu uwa teh enung
keur ngemban dawuhan gusti
nyunatan di tanah Jawa
cing uwa Layang Kamuning
jeung incu pun Tanjung Laya
ayeuna los terus indit

322. Jugjug Esam–baya–nahun
upama di Mekah sidik
sadayana urang mekah
taya anu teu tingali
kabeh geus pada uninga
percayaan Kangjeng Nabi

323. Guru ngaji kuran husus
he suratna ieu cangking
engke sanggakeun ku ujang
unjukkeun surat ti jawi
cedok nyembah Raden putra
nuhun dawuh rama aji

324. Suratna enggeus dibantun
neda jiad rama aji
ayeuna putra dek kebat
satimbalan mugi hasil
cedok pada marunjungan
geus munjungan lepas indit

325. Ngajugjung Seh Bayanahun
sigeugkeun Layang Kamuning
nu kenging dunga Seh Rahmat
kocap Sunan Rahmat deui
jengkar ti Sokawayana
di jalan teu weleh mikir

326. Sunan Rahmat Sang Lumayung
hilap hanteu naros tadi
kumaha ari nyunatan
peso jeung babango deui
kumaha metakeunana
leuwih susah lewat saking

327. Rusuh teuing aing kitu
teu seep naros ka gusti
ieu jadi lalampahan
asup ka cacandran aki
jauh-jauh panjang gagang
jadi kaduhung pandeuri

328. Lamun weruh tanpa guru
lalakon jadi paraji
tangtu pabaur jeung samar
kitu deui ieu aing
hayang nyaho bae mecak
dikira-kira ku pikir

329. Kalawan nu tanpa guru
dikira ajina runtik
taya kajadianana
kajadian lampah aing
Sunan anom lajeng angkat
bujeng Pangadegan nagri

XV. PUPUH SINOM

330. Sunan Rahamat turut tegak
pinggir pangadegan nagri
neangan jalma nu nunggal
tegesna jalma sahiji
saupama eta manggih
jalma nunggal taya batur
seja dek mecak nyunatan
waktuna harita deui
seug mendakan dipayun jalma saurang

331. Di tegal Leles Cipancar
pinggir Pangadegan nagri
eta jalma hanteu samar
anu ngislamkeun ka aing
enggeus cageur eta jalmi
jeung Sunan Rahmat geus tepung
geus munjungan dipariksa
ditanya sukana deui
rehna eta jalma bade disunatan

332. Nandakeunana geus Islam
eta jalma suka ati
supaya slamet Islam
ka Sunan masrahkeun diri
enggal Sunan Rahmat gasik
peso nu ti kangjung Rasul
dicandik rek marajian
sakalangkung tacan ngarti
rarangan teh diteuteuk rampung sampisan

333. Jalma nunggal tuluy wapat
Sunan Rahmat reuwas nangis
ngadaregdeg salirana
cul peso babango deui
ditinggalkeun deukeut mayit
Raden rewasna kalangkung
kebat nguninga ka Mekah
sakalangkung welas galih
gagancangan ku hayang geura gok tepang

334. Sareng pangkon Rasullullah
eukeur ngangluh salah tampi
ku Jabrail malaikat
enggal ditepungkeun deui
digancangkeun ku Jabrail
ngan sakilat Raden tuluy
tuluy bae ngadeuheusan
geus munjung seug linggih deui
ku jeng Nabi diprios Sunan Rahmat

335. Cing rayi geura nyarita
Sunan Rahmat unjuk tadim
sumuhun parios tuan
jisim abdi rusuh teuing
tacan puguh mangarti
kari-kari gancang tuluy
ari dongkap ka waktuna
sim abdi jadi paraja
jadi bingung hilap naroskeun larapnya

336. Ari prak sik abdi mecak
nyunatan teh tuluy mati
mecak jalma anu nunggal
jadi reuwas jisim abdi
tina sebab tuluy mati
Kangjeng Nabi seug ngadawuh
kumaha metakeunana
nu geus ka jalankeun tadi
anu matak tuluy mati jalma nunggal

337. Seug unjukan Sunan Rahmat
sumuhun timbalan Gusti
diteukteuk sama sapisan
jeng Nabi seug ngalahir
paingan kitu mah rayi
jadi salah larap kitu
jadi eta hiji jalma
meunang salamet di batin
reh ti heula di Jawa teh Salam nunggal

338. Saenggalna Sunan Rahmat
diwurukan ku Jeng Nabi
petana laku nyunatan
babango ti heula pasti
kakara tap peso deui
kulit nu dikeureut semprung
Sunan Rahmat geus pertela
geus sidik dipuwuruk Nabi
nuhun gusti ayeuna kahartos pisan

339. Kangjeng Nabi ngadawuhan
tina ayeuna geus ngarti
samangsa enggeus di Jawa
upama geus cape teuing
hade ge seug nyieun wakil
supayana ulah ripuh
najan puluhan ratusan
anu dijeun paraji
hade pisan amrih terehna nyunatan

340. Sunan Rahmat hatur "mangga"
jeng nabi ngadawuh deui
ka eta Den Sunan Rahmat
"mangga kudu gaduh rayi
supaya mērēnah calik"
Sunan Rahmat lajeng matur
sumangga ngiring timbalan
ayeuna sim abdi amit
rek ngajengkeun nyunatan deui ka Jawa

341. Sunan Rahmat seug munjungan
peureum jeung barina tadim
bareng parantos munjungan
cengkat barina ningali
geus aya di tanah Jawi
saking diasih luluhur
karamatna manjur pisan
sahabat wali kakasih
Kacaturkeun Den Rahmat aya di Jawa

342. Mimitina ti Jakētra
nyunatan teh terus hasil
salametnya lalampahan
ti Jakētra mapay deui
terus ka Pakuan sumping
di Pakuan teh pahibut
nyunatan taya eureunna
amung mantri ngalingkir
nyarumput sarieuneun disunatan

343. Enggeus putus di Pakuan
terus ka Cikole sumpung
di Cikole teh nyunatan
sērta ngadamēl wawakil
paham biasa paraji
di Cikole enggeu putus
aya oge anu tinggal
dituluykeun ku wawakil
Sunan Rahmat geus tuluy ka Batulayang

344. Didinya kenging sabulan
Sunan Rahmat terus deui
ka Curug Sempur nagara
nepangan Ukur Narpati
enggeus tepang sareng rayi
nu sono kaliwat langkung
samalahna karajaan
geus kaluar ti Narpati
sakur menak anu enggeus asup Sēlam

345. Kabeh pada dipotongan
ku Perebu Siliwangi
salosna pun anak taya
kang rayi langkung prihatin
samalahna ieu nagri
ku rayi bade dikantun
kang rayi dek ngiring pisan
jeung kang raka moal geunti
Sunan Rahmat ngiring sakērsana Gandang

346. Tatapi digēntos nama
ayeuna ku engkang rayi
Sang Kiyai Agus Daka
nuhun pihatur Narpati
Sunan Rahmat matur eling
putrana teh dipicatur
Raden putra Tanjunglaya
Jeung Raden Layang Kamuning
enggeus mukim nya eta di tanah Mekah

347. Kakuping ku Bagus Daka
sakalangkung suka galih
rayi bakti tambah ngeunah
mugi-mugi anak rayi
sing aya rahmating gusti
hibaring rahmat luluhur
mugi sing jadi oliya
ditēdakeun siang wengi
ku ama teh nu gandang di tanah Jawa

XVI. Pupuh Dangdanggula

348. Sunan Rahmat Bagus Daka indit
enggal angkat ti nagara eta
sinareng Bagus Daka teh
anjeunna taya karidu
wantu rakana geus mati
putra putu geus teu aya
geus talabul ngelmu
ninggal karaton teu meunang
aya hiji mantri anu pasang tēlik
tērang nu miceun nagara

349. Salos raja anjeunna seug manjing
ka karaton nyandak panganggona
di karaton aya kabeh
hiji mantri suka langkung
panganggona ka bopati
tuluy dianggo sapisan
teu aya nu wēruh
tuluy bae jadi raja
serta ngagentos anjeunna teh kakasih
Dipati Ukur panghibat

350. Enggeus tetep salamet nu ngandih
abdi-abdi di jero nagara
geus taya sawios-wios
sigeug anu jadi ratu

kocap Sunan Rahmat deui
anjeunna sajalan-jalan
saban mendak lembur
hēnteu ēlat pek nyunatan
sami bae gus Daka jadi paraji
beuki jauh anu angkat

351. Sumping deui kaurut nu tadi
nyorang pangadeg nagara
turut-turut tēgal Leles
sumping kaurut kapungkur
waktu kawitan maraji
among eta jalma nunggal
aya keneh wujud
layon enggeus jadi budak
tuluy bae dipulasara sakali
dikubur dina urutna

352. Dipelakan tangkal salam hiji
dina lebah pakuburannana
sareng urut ngeureut peso
Den Rahmat wakil luluhur
seug ngadunga bari calik
mugi ieu pajaratan
di ahirna tangtu
jadi lembur rame pisan
didinya teh mugi2 masing yakin
ngaran lembur Salam nunggal

353. Lajeng Sunan Hidayat maraji
sinarēngan rayu Bagus Daka
ngidul ngetan leuweung bae
ana liren dina gunung
dina alas leuweung tiis
nelahna Sangiyang tapak
Sang Gagak Lumayung
ngareunah anu lalēngah
keur hareudang angin tiis ngadalingding
eta gunung dingaranan

354. Anu matak nelah leuweung tiis
ti harita dongkap ka ayeuna
Sunan Rahmat cacarios
reh emut dawuhan Rasul
kudu nyeleng gaduh rayi
dimana engkang garwaan
Bagus Daka matur :
"da lamun kalērēsan mah
aya hiji jēnengan Nyi Pugērwangi
geus teu ibu henteu rama

355. Eta istri alo ibu rayi
putra Bibi eyang nu geus wapat
saderek dalem Pagedeng
di puger enggeus pahatu
Sunan Rahmat seug ngalahir
dimana bae parēngna
ngan ulah teu tumut
kana sagala dawuhan
ari mēnggah kangjeng Nabi Rasullullah
pang aya dawuhanana

356. Teu boborong tangtuna kapanggih
eta dina piahireunana
mana poma ulah poho
karana kangjeng luluhur
bisi rayi henteu harti
eta kakasihing Allah
rehing geus kasebut
makutana pra ambiya
ana angkat make putih tara tanti
eta pajeng salanggengna

357. Kitu deui eta Kangjeng Nabi
hēnteu aya wawayanganana
teu aya kalangkang tembong
tah eta nu matak kitu

pērtanda manusa leuwih
mana pajēng mega bodas
pērtanda luluhur
bumi langit jeung eusina
jeung sawarga naraka jeung aras kursi
nya eta anu kagungan

358. Lan sakehing kang ana galering
nya tidinya eta teh asalna
mana urang sing rumaos
dijero waktu keur hirup
dilainkeun modal lain
urang hukum ngadunungan
samangsa keur hirup
keur bētah oge didunya
ari enggeus tepi mah kana perjangji
lah mahpud anu nalangan

359. Kudu bae urang sieun mati
henteu bisa nyebutkeun keur betah
geus tepi mah ka papasten
sakitu Den Rahmat nyaur
urang kudu balik deui
tambak baya kaliwat
Bagus Daka nyaur
sumangga atuh ngiringan
geus jung indit dongkap ka Cigunung tiis
didinya teh lajeng siram

360. Jeung ngilangkeun sakabehna sihir
nu katukang kabeh kawedukan
ari nu dipetakeun teh
karamat Sunan luluhur
seug ngadunga bari calik
ieu cai masing caah
seja miceun weduk
bisi aya tutunggakan

teu lami jol caah gede lewat saking
Bagus Daka trus palidna

361. Geus cumēkak kabawa ku cai
wantu-wantu cai eukeur caah
cai liwat langkung gēde
anu palid beuki jauh
Bagus Daka seber pikir
ngarēro ka Sunan Rahmat
bari tulung-tulung!
Sunan Rahmat seug nulungan
tapi ngadeg gumujeng bari ningali
bari metekeun karamat

362. Seug ditepak cai jadi kendi
sangēt ningal batur hawatosna
Bagus Daka seug nyarande
kaget barina gumuyu
ningal kramat Sunan wakil
jauhna geus sapamanah
harita geus tepung
eta cai tuluy nelah
satadina Bagawan Cigunung tiis
ayeuna Cikawedukan

363. Sunan Rahmat Bagus Daka deui
enggeus dongkap kana Tambakbaya
didinya nyunatan bae
saban-saban mendak lembur
Bagus Daka jadi paraji
pigunungan pilemburan
didinya geus putus
kebat ka puger angkatna
hayang dongkap ka Puger kangungan rayi
ke neng Puger wangi nama

364. Lamina teh di Cihaur beuti
papanganten ngan kenging sabulan
garwana teh tuluy bobot
lamina bobot dicatur
lawasna sapuluh sasi
dumungi ka babarna
putrana kembar lucu
ibuna mah lajung wapat
eukeur nuus lajung dipulasara mayit
kasmaran katingal garwa

XVII. Pupuh Asmarandana

365. Sunan Rahmat keur prihatin
sareh ing katilar garwa
kantun putra nu prihatos
putra katilar ibuna
eta putra jadi lara
aya deui nu kacatur
saderekna Bagus Daka

366. Saderek saibu istri
nya kitu katilar putra
Den Rahmat nyelehkeun orok
nu ngalorok langkung suka
rehing aya gegentosna
beuki lami putra lulus
lajeng seug dijenenganan

367. Ari nu ti heula bijil
eta disebut rakana
jeung ari kakasihna teh
Pangeran Ali Muhamad
anu rayi Ali nama
eta putra langkung lulus
lami-lami Sunan Rahmat

368. Ka Sindangbarang geus tepi
Susunan Rahmat didinya
barang damel enggeus beres
nya eta wakil nyunatan
ka unggal pulo geus dongkap
ka Puwa-puwa di jugjug
ti kandang sabrang geus jengkar

369. Bagus Daka henteu kanti
mapay-mapay pilemburan
enggalkeun ieu carios
saurut tadi ngajajah
Cilageni, karobokan
Dayeuh handap, dayeuh Manggung
Purbasana, Panunggangan

370. Jaba eta Cimalati
Ciraseja jeung Cikupa
nu geus kasorang tadi teh
Mester, Cibeureum, Batara
Haurpanggung, Cilolohan
Parung, Kawali, Cununuk
Sukapunten, Kandunghalang

371. terus ka Cihaurbeuti
tidinya teh Sunan Rahmat
jeung rayi seug pada mios
Rai ayeuna teh engkang
di Jawa geus kalamian
wayahna rayi dikantun
di Puger jeung anak engkang

372. Itungan ngarorok diri
baring sukapagi yuswana
dipanjangkeun umurna teh
da rayi teh tunggal putra
geus teu hilap ngawurukan
jaga pageto dikantun
dipanterehkeun ka Mekah

373. Engkang ayeuna teh rayi
bade unjukan ka Mekah
ēngkang engke diditu teh
ngajurungkeun tuang putra
sarta eta tuang putra,
tētēp di Syeh Bayanahu
ngaraosna sareng putra

374. Malah geus gēntos kakasih
tuang putu Tanjunglaya,
ari jēnēngannana teh,
jēnēngan Syeh Abdulpatah,
Layang Kamuning ngaranna,
tina ngaos enggeus khusus
nama Syeh Sedanagara

375. Syeh Abdulpatah jeung deui,
gawena eta di Mēkah
barina eta ngaraos,
sēlang-sēlang ngaji Qur'an
budakna Syeh Baya nulah,
putrana Syeh Baya nuhu,
kakuping ku Bagus Daka

376. Sakalangkung bungah galih,
Bagus Daka seug unjukan:
"Ku pērkawis kang rayi teh,
bade ditilar ka Mēkah,
Insa Allah tumut pisan,
mugi pidunga nu makbul,
ditarima ka Islaman

377. Sunan Rahmat nyaur deui,
atuh ayeuna teh ēngkang
geus mustari bade mios
Bagus Daka seug munjungan,
geus munjungan enggal angkat
Bagus Daka anu kantun,
di Pugēr jeung saderekna

378. Kocap Sunan Rahmat deui,
tidinya enggeus bral angkat,
di jalan teu kacarios,
geus dipayun Rasullullah,
mangsa eukeur di Madinah,
Syeh Rahmat seug lajēng munjung,
ka pangkon jeung Rasullullah

379. Geus munjung ti kangjēng Nabi
lajeng ka para sahabat
Abubakar, Umar Farok
ka Ali sarēng ka Usman
geus munjung seug deui lēnggah
barina nyanggakeun buku
buku batetan ditinggal

380. Geus kamanah ku jēng Nabi
Sunan langkung diasihna
jeung para sahabat kabeh
geugeut asih ngiring nyaah
Bagenda Ali lir ka putra
lamun ka Gagak Lumayung
sakalangkung pangasihna

381. Jeung eta Syeh Rahmat deui
geus tetap jēnēngannana
wakil luluhur nu kahot,
sareng deui panganggona,
kana hideung kameumeutna,
dastar jubah, seput kayu,
lakēn Mesir anu herang.

382. Lami-lami Kangjeng Nabi,
ka Sunan Rahmat mariksa,
"cing kumaha ayeuna teh,
tekad anu katangtuan,
suka betah teh di mana?"
Gagak Lumayung seug matur
"Sumuhun timbalan tuan"

383. "Manawi piwejang Gusti
suka betah teh di Mekah
geus puguh di Madinah teh
ngiring caket dampal tuan"
Kangjēng Nabi seug ngandika,
"engkang ka eta piunjuk,
unjukan tarima pisan".

384. "Ngan urang langkung hawatir,
umat nu aya di Jawa,
margi dijieun wakil ge,
hidēp teh pikeun di Jawa,
poma hidēp ulah samar,
sanajan di Jawa tangtu,
engkē nu pikeun narima".

385. "Kana ibadah nu suci,
sumawon ujang sorangan,
abdi-abdi saha bae
anu nurut lampah ujang,
kana margina waluya,
mangga di aherat anggung,
barangna Nabi ngandika.

386. Malaikat pada nyaksi,
pra wali kabeh nyaksian,
saur kakasih yang manon,
wakil luluhur unjukan,
"sumangga timbalan tuan,
abdi teh sumēja tumut,
kana dawuhan gamparan.

387. Pirang-pirang diri abdi,
kauntungan ti gamparan,
darajat diri abdi teh,
nembe tepang jeung mustajab,
gusti nu langkung waspada,
sanajan di Mekah dumuk,
mun gusti henteu narima.

388. Cilakana diri abdi,
hawelas katampi salah,
eta bodo katoloyoh,
suhun pangasih gamparan,
kasuhun kalingga murda,
dicangreud saujung rambut,
seja nuhun ka gamparan

389. Jeng Nabi ngadawuh deui,
mun owel ku tanah Mekah,
ti dieu teh mawa bae,
tah ieu enggeus sadia,
taneuh mekah dipetian,
jadi ieu tanah makbul,
jeung deui ieu baturna.

390. Jero peti buli-buli,
eusina eta er jamjam,
di jero buli-buli teh,
sareng aya deui tanah,
dina luhur peti tea,
ieu tanah pucuk gunung,
dina luhur peti numpang.

391. Eta tanah pucuk jagi,
lamun dibawa setiya
hidep ulah arek kaget,
ieu pangtia dinya,
pikeun tempat praoliya,
jaganing pageto tangtu
kaponakan hidep psan

392. Kapanggih jaradi wali,
dina lebah tanah tiya,
sareng ieu jangjina teh,
lamun nepi enggeus gancang
celuk teu beunang dipodah,
hidep kudu dinya turun,
pikeun dumuk hidep pisan.

393. Papada eta di Jawi,
kumaha ieu gojlogan,
gojēlog di jro pēti teh,
didinya hidēp nya tempat,
ngajalankeun teh ibadah,
saha jalma anu wēruh,
kana tempat hidēp tea

394. Tēngtu meunang mulya diri,
dijauhkeun balahina,
yen meunang sapaat gede,
tua anom kuring menak,
yen tangtu meunang kurnia,
sapaat tina luluhur,
dijungjungkeun sapaatna.

395. Kocap deui ratu ning jin,
ngiring nyambungan ka jalma,
pikeun tutungganganna teh,
samparani hejo kuda,
kuda tedaking jabalkap,
kuda nu sok bisa mabur,
dimomotkeun peti tea.

396. Dinyana parabot deui,
sapērētos kuda umbal,
geus sadia pakuna teh,
pangandika Ratu Ajrak
anjeunna tonggongeun kuda,
wakil luluhur seug nyaur,
palangsiyang ieu beurat.

397. Nya dimomot nya dititih,
ari saur Ratu Ajrak,
lain anjeun anu momot,
tibatan capeeun kuda,
anggur beungang katitihan,
karamat anjeun keur manjur,
kagentos anu mujijat.

XVIII. Pupuh Kinanti

398. Wakilna eta luluhur
nya eta ka ratuning jin,
naha teu dikadalian,
ratu jin emut ngalahir,
najan teu dikadalian,
moal burung nyaho margi

399. Apan kadali mah matuh,
karamat lian kadali,
najan nepi ka akherat,
batan pegat kalah ngunci,
nya kitu deui sumangga,
nya-eta sara kadli.

400. Seug dikadalian putus,
kadali kalangkung leutik,
mani ngan sagede kawat,
pangandika ratuning jin,
bapa jangji kana kuda,
lamun kuda enggeus leungit.

401. Tantu kadalina kantun,
lamun teu make kadali,
ieu kuda milu betah,
ka Raden di tanah Jawa,
nuhun saur Sunan Rahmat,
putus pangasih ratu jin.

402. Kangjeng Nabi seug ngadawuh,
gēntrana arum jeung manis,
maneh sing tētēp di Jawa,
eta engkena ku kami,
mo diantep salawasna,
najan seuweu putu kami.

403. Jaganing pageto cunduk,
tangtuna aya di Jawi,
sok maneh bisi teu gēnah,
ka kuping ku wakil gusti,
teu kira-kira sukana,
sukana teu aya tanding

404. Bungangang manah kalangkung,
seug naros deui ka gusti,
jisim abdi gaduh anak,
dipasantrenkeun ku abdi,
ayeuna di nagri Mekah,
Syeh Abdulpatah panglandi

405. "Ngaosna Syeh Baya Nuhun,
mugi aya wangsit gusti,
eta sing mulang ka Jawa"
Pangandika kanjeng Nabi:
"montong melang kumaonam,
tangtu dijurung ka Jawi.

406. Najan putra Baya Nuhun,
diahirna mugi-mugi,
siang aya niat ka Jawa,
Los Raden dijurung indit,
wakil luluhur geus mando,
jiad Gusti abdi amit

407. Colodok munjung ka Rasul,
geus munjung ti Kangjeng Nabi,
tuluy ka para sahabat,
Abubakar, Umar, Ali
ka Usman ka ratu Ajrak,
persahabat pada ngasih.

408. Bagenda Ali keur kantun,
nangis barina ngalahir,
mugi anak incu bapa,

dipareng jarah ka Jawi,
los Raden disambung dunga,
sing lulus aya di Jawi

409. Wakil luluhur geus putus,
kenging jiad ti jeng Nabi,
sarawuh para sahat,
lepas lamahna nu miris,
geus kaluar ti nagara,
seug dititih samparani

410. Barang kaclak sēmpung mabur,
sakilat lampahing angin
tumurun di pulo Selan,
petina gojlog sakali,
kuda masih keneh aya,
pucuk gunung jati masih

411. Ti Sumatra deui mabur
sakilat lampahing angin,
tumurun di Hujungkulon,
petina gojlog sakali,
kuda masih keneh aya,
pucuk gunung jati masih

412. Ti Hujungkulon seug mabur,
sakilat lampahing angin,
jol tumurun di Jakētra,
petina gujlog sakali,
kuda masih keneh aya,
pucuk gunung jadi masih.

413. Ti Jaketra deui mabur,
sakilat lampahing angin,
jut di Bageda Sēlam,
petina gojlog sakali,
kuda masih keneh aya,
pucuk gunung jati masih.

414. Ti Bageda Selam mabur,
sakilat lampahing angin,
turun ti gunung amparan,
petina gojlog sakali,
pucuk Gunung jati ragrag,
nepi tempating perwali.

415. Jaganing pageto tangtu,
bakal aya parawali
nya-eta di nagri Cempa,
akhir nēlah Gunung Jati,
amung kuda masih aya,
ti amparan deui nyirig.

416. Langkung seput kuda mabur,
sakilat lampahing angin,
seug turun eta di Karang,
petina gojlog sakali,
kuda masih keneh aya,
di karang teh henteu lami.

417. Tidinya seug deui mabur,
sakilat lampahing angin,
tumurun di Guwah Rahmat,
petina gojlog sakali,
kuda masih keneh aya,
di Guwah Rahmat teu lami.

418. Ti Guwah deui seug mabur,
sakilat lampahing angin,
kuda teh beuki kacida,
hohowang pun sambarani,
petina gojlog jeung,
tumurun di Gunung Suci.

419. Sawetaneun Dayeuh-manggung
peti gojlog kuda leungit,
sambarani ilang musna

anu kantun ngan kadali
sarawuh jeung parabotna,
petina engab sakali

420. Sumērēp kangjēng luluhur
seug dibuka eta peti
eusina teh tanah mekah
sareng hiji buli-buli
eusina eta er jamjam
jeung beh surat dina peti

421. Ungelna surat ka malum
kieu unina teh tulis
ieu taneuh nu dibawa
bisi hidēp teu tingali
tapēl kubur hidēp tea,
didieu di Gunung Suci

422. leu er jam-jam disebut
nu dijero buli-buli
pertandana Hidu tea
tina tumurun ka ka Nabi
sumērah agama Islam
tegesna murid mukamil

423. Palinggih hidep disebut
Godog asal gojlog peti
ari harti gojlog tea
lalampahan anu linggih
tina geus asrah nya manah
ngimankeun papakon nabi

424. Geus kasebut wali luhur
sababna wawakil nabi
sakitu ungēlna surat,
geus tutur didinya linggih
mangsa harita matapan
ngancik pirang-pirang sasi

425. Sumangsa geus kenging tahun
kakara yen kenging warti
pada sumping menēmbahan
ti Lēbak Jaya nu ngungsi
pada dongkap sadayana
sembah kuwu Kandang Sakti

426. Sembah Dora nu katilu
pada ngedeuheusan sami
wakil luluhur ningalan
disembah diasih-asih
he sakabeh panembahan
kang putu geus dumuk linggih

427. Urang bakal seueur tamu,
geus kitu tidinya deui
kabeh para panembahan,
seug marunjung pada tadim,
ngaberes hurmat ngajajar,
caralik sami ngabaris.

2.2 Alih Bahasa

WAWACAN PERBU KEAN SANTANG

1. Bismillahirrahmannirrahim
yang membaca babad ini
yakni babad gadog
harus yang mempunyai wudu
baik tua maupun yang muda
atau yang sudah tua
semuanya harus mempunyai wudu

2. Terutama harus tertib
janganlah digunakan sembarangan
harus diresapkan dalam hati
dikarenakan Sunan Rahmat

(adalah) wakil Kangjeng Nabi Muhammad
beliau itu adalah utusan yang agung
yang mempunyai bumi dan alam

3. Pertama-tama membaca ***taud***[1])
lalu membaca Bismillah
dan fatihah dilanjutkan dengan
kulhu dan palak binas
salawat tentunya
selanjutnya hululmuplihun dan
membaca istigfar yang banyak

II. Pupuh Dandanggula

4. Dangdanggula yang manis budi
pamedirah wong samada
jelasnya bahwa *samada* itu
adalah cerita yang berasal dari leluhur
leluhur yang berbudi dan
diterima oleh pujangga,
ki pujangga yang ***luhung***[2])
jelasnya pujangga itu
berasal dari daerah leluhurnya yakni
pengulu yang berhati mulia

5. Oleh karena itu ia bersukur
sejak pujangga menerima pertanda
dan tidak sependapat
dikarenakan
seandainya ki ***maranggagi***[3])
mempunyai ukuran
tidak ada yang tidak lucu
pintar itu rajin namanya
pintar adalah maksudnya berhasil
tidak hianat dan ***kitman*** [4])

---

[1])taud adalah nama lapad yang bunyinya "A'udzubillahiminassysyaithoni'rrajim".
[2]) luhung, artinya orang yang berhati mulia tetapi penuh dengan ilmu
[3]) ki maranggi, yaitu tukang yang membuat sarung keris
[4]) Kitman = salingkuh = tidak terus terang

6. Sebenarnya ia tidak mati tetapi
pergi meninggalkan sabda
bahwa hukumnya semua benar
dan jelas tentunya
benarnya dari kebanyakan para pujangga
karena sesungguhnya
masih itu juga, maklumlah
seperti halnya gajah
sifat binatang ada ekor di kepala lagi
tetapi namanya juga gajah

7. Kepala, ekor dan kaki
semua itu seperti pujangga
tandanya banyak mempunyai maksud
marilah kita hayati
baik pujangga maupun ***musinap***[5])
akhirnya ya satu
karena itu
banyak pujangga yang "kaul"
tandanya Pangeran kaya dengan ilmu
yang tidak ada bandingannya

8. Perasaan gelap menjadi manis
dongeng untuk memulai cerita
permulaan yang akan diceritakan
tetapi sebelumnya maafkan dan ampunilah
bahwasanya saya ini
bukan memaksa karena bisa
tahu tanpa guru
atau berlagak tahu
beribu-ribu maaf mungkin ada kesalahan
semoga besar dimaafkan

9. Karena kebetulan mengerti
tidak salah ini adalah sejarah
semoga bertambah saja

---

[5] musinap, yakni orang yang memberi keterangan

mujijat dari kangjeng leluhur
diterangkan segalanya
dari yang sudah mendapat rahmat
besarnya rasa terima kasih
diterima mengabdi
semoga dijauhkan dari *bala* (mara bahaya)
didekatkan rezki serta rahmat

10. Semoga sanak keluarga mendapat asih
begitu pula semoga mendapat ketetapan
tekad yang lebih saleh
kepada semua saudara
janganlah putus kekeluargaan
kepada semua saudara
jangan pisah dengan para leluhur
apalagi menurut kabar
terutama kepada semua keluarga
dan para ***juragan*** [6])

11. Secara lahiriah hamba ini gusti
saya minta berlindung
dikarenakan merasa bodoh
"dunungan" saya yang agung
hidup itu lanjutannya mati
batin ini ya Allah
begitu pula terimakasih
kepada Gusti (Allah Swt) yang sifatnya rahman
atau kepada Gusti yang sifatnya rahim
semoga Allah mengampuni

12. Kepada kanjeng yang akan ***digurit*** [7])
menceriterakan pada jaman dahulu
ada sebuah kerajaan
yang membawahi para raja
bernama Prabu Siliwangi

---

[6]) juragan, sebutan kepada orang yang dihormat
[7]) digurit, asal kata dari gurit, artinya cerita pendek yang ditembangkan

di Pakuan yang kedua
namanya raja juga
kerajaan yang pertama (yakni)
Pajajaran Sewu
begitulah ceritanya

13. Yang ketiga negeri Majapahit
yang namanya Perbu Hariyangbanga,
kerajaan Pajajaran di sebelah timur
kejadiannya pada waktu perang pupuh
sama menjadi raja kakak dan adik
suatu waktu di Pakuan
mempunyai putra yang menjadi senapati
(namanya) Pengeran Lumajang
kegagahannya tiada bandingannya
ibarat taji malela

14. Ia (Pangeran Lumajang) sudah termashur di pulau Jawa
apalagi Pajajaran disebelah timur
Majapahit sudah kalah
Setelah ia (Pangeran Lumajang) terkenal menjadi senapati
semua takluk berperang
karena tidak ada yang dapat menandinginya
kegagahan Gagaklumajang
apalagi setelah mendapatkan nama
menjadi wakil rama (Siliwangi) setelah menjadi senopati
namanya menjadi Perbu Kean Santang

15. Selama ia (Perbu Kean santang) menjadi Senapati
tidak tahu darahnya sendiri
seperti apa rupa darahnya
pesannya sudah lama sekali
yang menjadi idamannya
baik siang maupun malam
begitulah maksud hatinya
ingin mengetahui darahnya sendiri
begitu keinginan hatinya
belum kenyang berlaga

16. Selain dari keingintahuannya itu
usia muda belum mempunyai istri
semua tidak ada yang menarik hatinya
Ia (Perbu Kean Santang) adalah turunan agama Hindu
pada waktu itu di Jawa
tidak ada agama Islam
nalangmang mulung mung
Pangeran Gagaklumajang
hatinya sudah takabur
memesan darah sendiri

17. Seumur-umur ia (Perbu Kean Santang) belum tahu darah
yakni darah dirinya sendiri
oleh karena belum mengetahui
dikarenakan ia adalah senapati
yang tidak tembus (kebal) oleh pedang keris
singkatnya Gagaklumajang
waktu itu sedang mengeluh
di hadapan Prabu Pakuan
Prabu Siliwangi menanyainya dengan manis:
"eh Raden Gagaklumajang

18. Ayahanda ingin bertanya dengan jelas
wajah raden seperti sedang susah
coba jawablah dengan segera
apa yang menyebabkan mengeluh
apa ingin putri yang cantik
tidak akan susah
Raden yang punya
apabila ingin menjadi raja
kan oleh ayah sudah dijadikan wakil
walaupun semua menjadi raja

19. "Itu semua adalah hasil raden yang menalukkannya
yang menjadikan Raden mendapat nama
Prabu Kean Santang yang terkenal
Pangeran Gagaklumayung

yang berpengaruh di pulau Jawa
itu semua dikarenakan ayah sangat sayang
yang jelas Raden begitu
kemudian Raden menyembah
sambil ***mando*** [8]) Gagaklumajang kepada Prabu Siliwangi
selanjutnya dijelaskan dalam hinanti

III. Pupuh Kinanti

20. Berkata Gagaklumajang
"rama gusti
bukanlah itu yang ananda maksud
bukan karena ingin mempunyai istri
